O`ZBEKISTAN RESPUBLIKASI’ JOQARI’ HA’M WORTA ARNAWLI’ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

BERDAQ ATINDAG’I’ QARAQALPAQ MA`MLEKETLIK UNIVERSITETI

QARAQALPAQ FILOLOGIYASI’ FAKULTETI

Fakultet dekani’:

__________ doc.Q.Turdi’baev

«_____» _____________ 2014 j.

5220100-filologiya (qaraqalpaq filologiyasi’) bag’dari’ni’n’ 4-kurs studenti Eshanov Daniyardi’n’ «Q.Sultanov-qaraqalpaq prozasi’n izertlewshi» temasi’ndag’i’

**PITKERIW QA`NIGELIK JUMI’SI’**

Jaqlawg`a ruxsat berildi
Kafedra basli’g`i:’ doc. J.Nizamatdinov
___________________

Ilimiy basshi:’
f.i.k.,doc. P.Allambergenova
_______________

«_____» _______________ 2014 j.

**No`kis – 2014**

**Ma`mleketlik attestaciya komissiyasi’ni’n`**
**QARARI’ :**

5220100-filologiya (qaraqalpaq filologiyasi’) bag’dari’n pitkeriwshi Eshanov Daniyardi’n’ «Q.Sultanov-qaraqalpaq prozasi’n izertlewshi» atamasindag`i pitkeriw qa`nigelik jumi’si’na

“_______________” bahasi’ qoyi’lsi’n

**MAK basli’g`i’ :** ___________________ ___________________________
(qoli’) (f.i.sh)

**MAK ag`zalari’:** ___________________ ___________________________
(qoli’) (f.i.sh)

___________________ ___________________________
(qoli’) (f.i.sh)

___________________ ___________________________
(qoli’) (f.i.sh)

___________________ ___________________________
(qoli’) (f.i.sh)

___________________ ___________________________
(qoli’) (f.i.sh)

___________________ ___________________________
(qoli’) (f.i.sh)

___________________ ___________________________
(qoli’) (f.i.sh)

# Mazmuni’

**Kirisiw……………………………………………………………...3-6**

**Birinshi bap**. Q.Sultanov-proza si’nshi’si’. …………………………7-20

1.1.Q.Sultanov miynetlerinde qaraqalpaq prozasi’ni’n’ rawajlani’w bag’darlari’ haqqi’nda……………………………….………7-21

1.2.İlimpazdi’n’ Sh.Aytmatov prozasi’na si’n pikirleri……………21-25

**Yekinshi bap**. Q.Sultanov-T.Qayi’pbergenov prozasi’n izertlewshi….26

2.1. «Qaraqalpaq da’stani’»ni’n’ qaraqalpaq prozasi’n rawajlandi’ri’wdag’i’ a’hmiyeti……………………………………26-44

2.2. Q.Sultanovti’n’ T.Qayi’pbergenov povestleri ha’m Qaraqalpaq qi’zi’ romani’na si’n ko’zqaraslari’ ……………………………………..45-51

Juwmaq……………………………………………………………52-54

Paydalani’lg’an a’debiyatlar……………………………………….55-56

# K İ R İ S İ W

Qaraqalpaq a'debiyattani'w iliminde proza ha'r ta'repleme izertlenilip kiyati'rg'an tarawlardi'n' biri. Bul boyi'nsha, belgili ilimpazlardi'n' ko'lemli miynetleri jari'qqa shi'qqani' ma'lim. Atap aytqanda akademik M.Nurmuxammedovti'n'[1], İ.Sag'itov[2], A'.Qoji'qbaev[3], J.Nari'mbetov[4], Z.Nasrullaeva[5], S.Bahadi'rova[6], Q.Sultanov[7], P.Nurjanov[8], H.Wo'temuratova[9], h.t.b.

Prezidentimiz İ.A.Karimov «Tariyxi'y ta'jiriybe, da'stu'rlerdin' miyras boli'p wo'tiwi bulardi'n' ba'ri jan'adan-jan'a a'wladlardi' ta'rbiyalaytug'i'n qa'diriyatlarg'a aylani'wi' lazi'm»[10]-dep ko'rsetkenindey bul miynetlerdin' ha'r birinde qaraqalpaq prozasi' tariyxi'y ko'zqarastan wo'z da'wirinde ken'nen so'z yetilgeni menen qunli'. Sonli'qtan bu'gingi bizin' wazi'ypami'z wolardi' jan'asha bag'darda tu'sindirip wolardi'n' teoriyali'q tiykarlari'n basshi'lli'qqa ali'wi'mi'z tiyis. Usi' bag'darda biz pitkeriw qa'niygelik jumi'si'mi'zda belgili ilimpaz Q.Sultanovti'n' qaraqalpaq prozasi' boyi'nsha izertlewlerine toqtawdi' wazi'ypa yetip belgiledik.

Qali'mbet Sultanov a'debiyat izertlewshi ha'm si'nshi'. Woni'n' ko'plegen ilimiy miynetleri ko'pshilikke tani's. Q.Sultanov 1932-ji'li' 13-martta Qanli'ko'l rayoni' aymag'i'nda tuwi'lg'an. Wol 1950-ji'li' Xojelidegi peduchilisheni pitkerip baslang'i'sh klassta mug'allim boli'p isleydi.

---

1 Нурмухаммедов М. Каракалпакская советская проза, Ташкент, Фан, 1968.

2 Сағыйтов И. Қарақалпақ әдебиятының өсиў жоллары, Нөкис. 1979.

3 Қожықбаев Ә. Қарақалпақ романы, Нөкис, 1977.

4 Нарымбетов Ж. Каракалпакский роман. Т.1974.

5 Насруллаева З. Проблема, типа и характера в современной каракалпакской прозе. Нукус, 1984.

6 Бахадырова С. Фольклор и каракалпакская советская проза, Нукус, 1984.

7 Султанов Қ. Прозаның раўажланыў жоллары, Нөкис, 1977.

8 Нуржанов П. Дәўир талабы ҳәм көркем әдебият. Нөкис, 1994.

9 Өтемуратова Ҳ. Қарақалпақ тарийхый романының поэтикасы. Нөкис, 1997.

10 Каримов И.А. Өзбекстан XXI әсир босағасында: қәўипсизликке қәўиплер, турақлылық шәртлери ҳәм кепилликлери. Нөкис, Қарақалпақстан 1998, 136-бет.

Qaraqalpaq ma'mleketlik pedinstituti'nda woqi'p joqari' bilim alg'annan keyin Qon'i'rat rayoni'nda mug'allim boladi'. (1955-1958). Son'i'nan ma'mleketlik teatrda a'debiy bo'liminin' basli'g'i' (1958-1959) Pedinstitutta woqi'ti'wshi' (1959-1963) hi'zmetlerinde isledi.

Tashkentte aspiranturani'n' teoriyali'q kursi'nan wo'tedi, son'i'nan pedinstitutta ha'm universitette ag'a woqi'ti'wshi', docent lawazi'mlari'nda jumi's isleydi. Wo'mirinin' son'g'i' ji'llari' Berdaq ati'ndag'i' Qaraqalpaq ma'mleketlik universitetinin' professori' boli'p isledi.

Q.Sultanov 1967-ji'li' «Ha'zirgi qaraqalpaq poemalari'» atli' temada filologiya ilimlerinin' kandidati' degen ilimiy da'rejesin ali'w ushi'n, al 1991-ji'li' «Ha'zirgi qaraqalpaq prozasi'ni'n' rawajlani'w bag'darlari'» temasi'nda doktorli'q da'rejesin ali'w ushi'n dissertaciyalar jaqladi'.

Q.Sultanov 1982-ji'ldan jazi'wshi'lar awqami'ni'n' ag'zasi'. Ali'm ha'm si'nshi'ni'n' «Zamanlas jani'm menen…» (1972), «Prozani'n' rawajlani'w jollari'» (1977), «Folklorshi' Qalli' Ayi'mbetov» (1979), «T.Qayi'pbergenovti'n' prozasi'» (1979), «Jazi'wshi' dramaturg» (1984), «Shayi'r joli'» (1986), «İnsan qu'direti» (1992), degen miynetleri basi'li'p shi'qti'. Wol «Revolyuciyag'a shekemgi qaraqalpaq a'debiyati'ni'n' tariyxi'» (1983), A'debiyattani'w» (1986), «A'debiyattani'wdan sabaqlar» (1992) atli' joqari' woqi'w wori'nlari'na arnalg'an sabaqli'qlar avtorlari'ni'n' biri.

Q.Sultanov awdarmalar menen de shug'i'llang'an. M.Gorkiydin' «A'debiyat haqqi'nda», Q.Jumanov penen V.Shukshinnin' «Qoraz shaqi'rg'ansha» povest ha'm gu'rrin'lerin, Aristoteldin' «Poetika», Bualoni'n' «So'z wo'neri» shi'g'armalari'n' qaraqalpaq tiline awdarg'an. Wol Qaraqalpaqstang'a miyneti sin'gen ilim g'ayratkeri (1991) degen hu'rmetli ataqqa iye[1]. İlimpazdi'n' Qaraqalpaq a'debiyati'ni'n' teoriyali'q ma'selelerine arnalg'an bir neshe ko'lemli ilimiy maqalalari' bar. Wolar: «Teren' mazmunli', ko'rkem pessa» «A'», №7, 1958-j., «Keng ufqlarni kuzlab», «Sh.Yu.» №8, 1986 j., «Kewil alti'ng'a berilmes», «A'», №13, 1970-j., «Poema ha'm jan sezimi», «A'», №6, 1969-j., «Ha'zirgi zaman qaraqalpaq

poeziyasi'ni'n' rawajlani'w bag'dari'», «A'», №6, 1965-j., «Si'n du'zelmey, min du'zelmeydi», «Sov.Q.Q.», №31, 1972-j., «Ta'riyplewden jan sezimine qaray», «A'», 1967-j., «Temir qazi'q», poemasi' haqqi'nda, «Sov.Q.Q.», №205, 1979-j., «Ko'rkem a'debiyatti' u'yreniwdin' geypara ma'seleleri», «A'», №11, 1984-j., «A'debiyatshi' ha'm kritik», «A'», №1, 1984-j., «U'lken o'mirdin' baslamasi'», «A'», №4, 1984-j., «Dramaturgiyada personaj tili», «A'», №2, 1961-j., «Shug'i'mi'q ha'm qaharmanli'q», «A'», №8, 1975-j., «Shi'n'lar shaqi'radi'», «A'», №2, 1976-j., «Talantti'n' segiz qi'ri'», «A'», №13, 1979-j., «Ta'biyat ha'm shayi'r», «A'», №13, 1986-j., «Dramaturgiyami'z so'z bolsa», «A'», №6, 1985-j., «İzleniw joli'nda», «A'», 1987-j., «Jeke pikiri, ja'miyetlik pikir me?», «J.L», 12-iyun, 1988-j., «Ko'rkem a'debiyatti' woqi'ti'wdi'n' geypara ma'seleleri», «A'», 1987-j., «Turmi's haqi'yqatli'g'i' ha'm woni' su'wretlewdegi yebeteysizlikler haqqi'nda», «A'», №1, 1988-j., «Hu'jdan azabi'n woylap», «A'», №6, 1988-j., «Opponentke juwap», «A'», №9, 1988-j., «Sh.Aytmatov ha'm qaraqalpaq a'debiyati'», «A'», №12, 1988-j., «Qanli' joldi'n' dalasi'», «A'», №11, 1988-j., «Wottay lapi'ldap», «A'», №12, 1989-j., «Ko'rkem a'debiyatti'n' jan ashi'ri'», «Sov.Q.Q.», №202, 1985-j., «Yarkost formi', bogatstvo soderjaniy», «Sov. KKiya», №57, 1986-ji'l., «So'z wo'nerinin' zergeri», «A'», №6, 1988-j., «U'lken o'mirdin' u'sh terezesi», «J.L», №65, 1985-j., «Jaslar pa'rwazi'», «Sov. KK», 13-yanvar, 1983-j., «Sha'shli», «Sov.KK», №204, 1977-j., «80 ji'ldi'n' salmag'i'», «A'», №4, 1990-j., «U'mitsizlik-a'le ma'jwani'n' baslani'wi'», «A'», №4, 1991-j., «Qol ushi'n bergendey jana jan qayda?», «A'», №4,5, 1992-j., «Talantli' akter», «A'», №1, 1959-j., «Jazba a'debiyat tuwrali' pikirler», «A'», №1, 1962-j., «Woqi'ti'w sabaqli'qtan baslanadi'», «Yerkin Qaraqalpaq», №11, 1992-j., «U'lken jolda G'.Seytnazarovti'n' tan'lamali' shi'g'armalari'», bir tomli'q so'z basi', 1985-j[1].,

İlimpazdi'n' bul keltirilgen monografiyalari' menen ilimiy maqalalari'nda qaraqalpaq a'debiyati' iliminin' anaw yaki mi'naw ma'seleleri so'z yetiledi. Degen menen bizin' izertlew jumi'si'mi'zdi'n' maqseti

Q.Sultanovti'n' qaraqalpaq prozasi'n izertlewdegi bag'darlari'na ayri'qsha itibar beriwden ibarat. Shi'ni'nda da ilimpazdi'n' qaraqalpaq a'dbiyattani'w iliminde proza ma'selesi boyi'nsha bir qatar ilimiy miynetleri ko'lemli maqalalari' bar yekeni ma'lim, sonli'qtan wolardi' u'yrenip ha'r ta'repleme tallaw, analizlew bizin' wazi'ypami'zdi'n' biri. Lekin, ilimpazdi'n' bul bag'dardag'i' miynetleri boyi'nsha usi' ku'nge shekem arnawli' so'z yetilmegen. Sonli'qtan biz bul pitkeriw qa'niygelik jumi'si'mi'zda ti'n' ma'seleni u'yreniwge ha'reket yettik. Bizin tiykarg'i' basshi'li'qqa alg'an jumi'slari'mi'zdi'n biri «İlim ha'm a'debiyatti'n' mashaqatli' jollari'nda», No'kis, 2012. (Q.Sultanovti'n' 80 ji'lli'q yubileyine arnalg'an ilimiy-a'debiy ocherk ha'm yeske tu'siriwler» kitabi' boldi'. Bul miynette Q.Sultanovti'n' ilimiy miynetleri qaraqalpaq milliy prozasi'n izertlewdegi xi'zmetleri ken'nen berilgen.

Pitkeriw qa'niygelik jumi'si'mi'zdi'n' quri'li'si' kirisiw, juwmaq, paydalani'lg'an a'debiyatlar diziminen ti'sqari' yeki baptan turadi'.

**Birinshi bap**. Q.Sultanov-proza si'nshi'si'.

1.1.Q.Sultanov miynetlerinde qaraqalpaq prozasi'ni'n' rawajlani'w bag'darlari' haqqi'nda

1.2.İlimpazdi'n' Sh.Aytmatov prozasi'na si'n pikirleri

**Yekinshi bap**. Q.Sultanov-T.Qayi'pbergenov prozasi'n izertlewshi

2.1. «Qaraqalpaq da'stani'»ni'n' qaraqalpaq prozasi'n rawajlandi'ri'wdag'i' a'hmiyeti

2.2. «Q.Sultanovti'n' T.Qayi'pbergenov povestleri ha'm «Qaraqalpaq qi'zi'» romani'na si'n ko'zqaraslari'» dep yeki bap ha'm bo'limlerge ajrati'p u'yrendik. Son'i'nda paydalani'lg'an a'debiyatlar dizimi berilgen.

# Birinshi bap. Q.Sultanov-proza si'nshi'si'.

## 1.1.Q.Sultanov miynetlerinde qaraqalpaq prozasi'ni'n' rawajlani'w bag'darlari' haqqi'nda.

Belgili ilimpaz Qali'mbet Sultanov «Prozani'n' rawajlani'w jollari'» miynetinde qaraqalpaq prozasi'ni'n rawajlani'w jollari'na ken' tu'rde toqtap wo'tedi.

İlimpazdi'n' bul miynetinde a'debiyatti'n' iri tarawi'ni'n' biri bolg'an prozani'n' qi'yi'n ha'm juwapkerli jollari'n, a'sirese son'g'i' 70-80 ji'llar ishinde tez pa't penen rawajlani'w sebeplerin, ilimiy tiykarda da'lillep bergen.

Miynet tiykari'ni'n jeti bo'limnen ibarat boli'p, woni'n' birinshi bo'liminde «Prozani'n' rawajlani'w jollari'» so'z yetiledi. Qaraqalpaq prozasi'ni'n' u'lken buwi'nlari' retinde A.Begimov penen J.Aymurzaev, Da'ribaev penen Shamuratov, Wo'.Aytjanov penen Q.Sultanovlardi' atap wo'tedi. Ja'nede qaraqalpaq prozasi'ni'n' bo'linbes, aji'ralmas bo'legine aynalg'an

T.Qayi'pbergenov, U,Pirjanov, A'.Atajanov, S.Bahadi'rova ha'm tag'i' basqalardi'n' do'retiwshiligin so'z yetedi. Usi'lar menen bir qatarda qaraqalpaq prozasi'ni'n rawajlani'wi'nda belgili worni' bar ko'p g'ana tvorchestvoli'q kadrlardi' jetilistirip shi'g'ari'wg'a u'les qosqan T.Na'jimov, X.Seytov, A.Aliev, A'.Ta'jimuratov, Wo.Xojaniyazov, Wo.Bekbauliev, Q.Jumaniyazov, Sh.Seytov, S.Salievlardi' tilge aladi'. Wolar wo'zlerinin' romanlari', povestletleri, gu'rrin' ha'm ocherkleri menen qaraqalpaq prozasi'n rawajlandi'ri'wg'a u'lken ku'sh-jigerli miynetin sarp yetip ati'rg'ani'n ko'rsetedi. Keyingi bo'lim «Ko'z qaras-jazi'wshi' tvorchestvosi'ni'n' quyashi'…» dep atali'p bunda jumi'stag'i' waqi'yalardi'n' si'rtqi' ko'rinisleri menen birge, wolardi'n' ishki rawajlani'wi'n, rawajlani'wga sebepshi bolg'an qaramaqarsi'li'qlardi'n' woni'n' pa'tli ag'i'mlari'n qaynawi'tlari'nda jali'qpastan bilip baratug'i'n adamlar tuwrali' toqtap wo'tedi. Solay yetip,

jazi'wshi'ni'n du'nyag'a ko'zqarasi' a'debiyattani'w iliminin' basli' ma'selelerinin' biri boli'p tabi'ladi'.

Jazi'wshi'ni'n' du'nyag'a ko'zqarasi' ja'miyetlik turmi'slardi'n' wo'siwi menen rawajlani'p woti'radi'[1], deydi ilimpaz.

Birak bunda bilmegen na'rseni biliwge, tu'sinbegendi tu'siniwge, sezbegendi seziwge, an'lamag'andi' an'lawg'a shekemgi arali'qti' ali'p jatadi'. A'sirese ha'zirgi ilimiy texnikani'n' sonday pa't penen rawajlani'p barati'rg'an belgili maqsetke qarati'lg'an ha'r bir istin', ha'diysenin' keleshegi duri's ani'qlani'p berilgen bir da'wirde jazi'wshi'ni'n' ko'zqarasi' tuwrali' ga'pte, so'z de boli'wi' mu'mkin yemes. Ha'mmesi wo'zinin' jayi'nda, ha'mmesinin' ideyali'q-siyasiy bag'dari' duri's ha'mme jazi'wshi' ja'miyetlik siyasiy turmi'si'mi'zdi'n' rawajlani'wi' xaqqi'nda shi'g'armalar do'retip, jan'a qaharmanli'q gu'reslerdi quwatlap ati'rg'an, jan'a baslamalardi' do'retiwge negiz tayarlag'an materialli'q bayli'qlardi' tez pa't penen wo'ndiriw ushi'n gu'res ali'p barati'rg'an, xali'qti'n' abadan turmi'si'ni'n' paraxat wo'mir quwani'shi'ni'n' ko'kirekke si'ymay ati'rg'an tolqi'nlari'n ko'rsetip beriwge umti'li'p ati'rg'an da'wirde jasamaqta.

Sonday-aq o'tkendegi xalqi'mi'zdi'n' tariyxi'y turmi'si'n u'reniwge, woni'n' tutas kartinalari'n a'debiy obrazlar menen do'retiwge jazi'wshi'lar tikkeley bag'dar aladi'. Bul tarawdag'i' iri-iri romanlari'mi'zda, poema-da'stanlari'mi'zda ha'mmesi quwandi'radi'. Keyingi bo'limi «Qaharman-turmi's haqi'yqatli'g'i'ni'n' ashi'li'wi'» dep ataladi'. Bunda son'g'i' ji'llardag'i' a'debiyattani'w iliminde buri'nnan bar boli'wi'na qaramastan ha'r bir da'wirdin' wo'zine ta'n bolg'an belgilerin, minez-quli'q normalari'n da'wirinin' alg'a qoyi'p ati'rg'an ma'selelerin wo'zine ja'mlestiretug'i'n keleshek haqqi'nda ken'-ken' pikir ju'ritetug'i'n adam boli'p yesaplanadi'.

Sonli'qtan a'debiy qaharman ja'miyetlik turmi'stag'i' waqi'yalardan baslansa da, ja'miyetlik turmi'sta jasap ati'rg'an adamlardi'n' woylari',

---

[1] Султанов Қ. Прозаның раўажланыў жоллары, Қарақалпақстан баспасы, Нөкис, 1977, 9-бет.

tilekleri, maqsetleri, ku'ndelikli isi menen sherik boladi', woni' qa'liplestiriwge adamgershiliktin' yen' joqarg'i' normalari'n ja'mlestiriwge a'melge ali'p keledi. Sonday-aq ilimpaz qaraqalpaq prozasi'nda a'debiy qaharman ma'selesin de pikirler bildiredi.

Son'g'i' ji'llarda do'retilip ati'rg'an ko'rkem shi'g'armalardag'i' qaharmanlar qanday? Wolardi'n' qanday belgileri bar? Xali'q ushi'n a'hmiyetli bolg'an ma'selelerdi qalay yetip wortag'a qoya alg'an ja'miyetlik turmi'stag'i' qanday waqi'yalar uli'wmalasti'ri'lg'an degen bir neshe sorawlar kelip shi'g'adi'. Bul son'g'i' ji'llari' do'retilgen povest ha'm romanlarda qalay jasalg'an? Bulardi' ani'qlawdi'n' u'lken a'hmiyeti bar. Bir jag'i'nan a'debiy shi'g'armalardi' kitap woqi'wshi'lardi'n' qalay tu'siniwin a'melge asi'rsa, yekinshi jag'i'nan yerisilgen tabi'slardi' uli'wmalasti'ri'w arqali' a'debiyati'mi'zdi'n' keleshek rawajlani'wi'ni'n' perspektivasi'n ko'rsetip beriwge ja'rdemlesedi.

Sonli'qtan ha'zirgi da'wirdegi prozada qaharman obrazi'ni'n' jasali'wi' wo'zinin' ishine jan'a ja'miyetlik da'wirge baylani'sli' jan'a qaharmanlardi'n' ju'zege keliwi, xali'q ushi'n a'hmiyetli bolg'an ma'selelerdin' wortag'a qoyi'li'wi', turmi's haqi'yqatli'g'i'n uli'wmalasti'ri'wdi'n' principleri, qaharman xarakterinin' wo'zgeshelikleri, turmi's haqi'yqatli'g'i'n su'wretlewdegi jazi'wshi'ni'n' wo'zine ta'n usi'llari' ha'm ta'jriybeleri si'yaqli' ko'p g'ana ma'selelerdi wo'z ishine aladi'. Ko'rkem shi'g'armani'n' yen' tiykarg'i' si'patli' belgilerinin' biri sonda, ha'r qanday turmi's haqi'yqatli'g'i', qaharmanni'n' wo'miri, jasag'an sharayati', turmi'si', ko'rgen-keshirgenleri, xali'q ushi'n a'hmiyetke iye bolg'an ma'selelerdi tarti'si'wlari' arqali' ashi'ladi'.

Son'g'i' ji'llardag'i' prozada qaraqalpaq xalqi'ni'n' ta'g'dirindegi a'hmiyetli kishkene qosi'qlardan baslap iri-iri shi'g'armalarg'a shekem tiykarg'i' tema boli'p kiyati'r. Wol haqqi'nda yele de ko'p shi'g'armalar do'reledi.

Prozali’q shi’g’armalarda da bul temani’n’ su’wretleniw tariyxi’ bar, mi’sali’, A.Begimovti’n’ «Bali’qshi’ni’n’ qi’zi’», T.Qayi’pbergenovti’n’ «Qaraqalpaq qi’zi’» romanlari’ni’n’ birinshi kitaplari’nda azatli’q ushi’n gu’res ali’p bari’wshi’lardi’n’ bir buwi’ni’ qalay ju’zege kelgenligi su’wretlense, A.Begimovti’n’ «Gu’res», A.Alievtin’ «Ku’tken ku’n» shi’g’armalari’nda usi’nday azatli’q ushi’n ali’p bari’lg’an gu’reslerge belsene qatnasqan adamlar su’wretlenedi. Bulardi’n’ ha’mmesi duri’s, romang’a, povestke bap tu’sken waqi’yalar su’wretlengen dep juwmaq shi’g’ari’wg’a boladi’.

Son’g’i’ ji’llarda baspada ja’riyalang’an Q.Sultanovti’n’ «Ag’alardi’n’ a’n’gimesi» degen povesti bar. Wonda waqi’ya bi’lay baslanadi’. «Mine mi’naw lalazar boli’p turg’an bag’. Bir na’wshe qi’z benen jigit g’i’jlag’an i’ssi’dan qashi’p, bag’di’n’ ko’lenkesin panaladi’. Jan’a g’ana xali’qlap, demi qi’si’li’p kiyati’rg’an jaslardi’n’ ti’ni’shi’ ashi’li’p, a’jayi’p bir du’nyag’a kelgendey boldi’, ra’ha’tke batti’. Yendi bir waqi’tta ha’r qaysi’si’ daraqti’n’ bir shi’bi’g’i’n si’ndi’ri’p aldi’ da wo’zlerinshe woynap kete berdi».

Povest azatli’qti’ wo’z qollari’na alg’an, jan’a da’wirdi wornati’w ushi’n ma’rtlik ushi’n gu’res ali’p barg’an adamlardi’n’ ta’g’dirin su’wretlewdi maqset yetip qoyadi’. «Atalar ha’m balalar» arasi’ndag’i’ qatnasqa joqari’dag’i’ shi’g’armalardi’n’ ha’mmesi de quri’lg’an, atalardi’n’ a’diwli isin balalardi’n’ dawam yettiriwi, atalarg’a hu’rmet ko’rsetiwi haqqi’nda jazi’lg’an. Birak Q.Sultanov waqi’yalardi’ su’wretlewde ayri’qsha woni’n’ sezimli boli’wi’na, su’wretlengen waqi’yalardi’n’ ishki mazmuni’na bay boli’wi’na ayri’qsha a’hmiyet bergen. Bag’di’n’ shi’bi’g’i’n si’ndi’ri’p ju’rgenler, jasi’ u’lkenlerge sa’lem beriwdin’ worni’na ti’msi’rayi’p wo’tip kete beretug’i’nlar wo’mirinshe ata-anasi’ni’n’ moyni’na musanat boli’p ju’retug’i’nlar kimler wo’zi? A’lbette, jaslardi’n’ ishinde wo’tkendegi turmi’sti’n’ qanday yekenin sezetug’i’nlari’, wo’zinin’ moyni’na tu’sken ju’kti ko’terip ju’retug’i’nlari’ ja’miyetlik turmi’sti’n’ keleshegin duri’s belgilep alg’anlari’, ata joli’na sadi’q bolg’an jaslar toli’p ati’r. Bulardi’n’

ha’mmesi jaqsi’. Al, bag’dag’i’ wo’sip turg’an taldi’n’ shaqasi’n si’ndi’ri’wshi’lar keshquri’n nelerdi isler yeken? Wolardan ha’r na’rse shi’g’adi’. Wolardi’n’ aldi’nda jasi’ u’lken woyi’nshi’q, yermek. Bazi’ bir waqi’tlarda woni’ iyterip jiberiwdende qaytpaydi’. Jasi’ u’lkenler kim? Wo’zlerinin’ turmi’si’ni’n’ ha’r qanday qi’yi’n jag’dayda boli’wi’na qaramastan, jan’a zamandi’ qurg’an, tal si’ndi’ri’p ju’rgenlerdi de, wolardi’n’ ata-anasi’nda woqi’tqan, bilim bergen adamlar boli’p tabi’ladi’. Soni’n’ ushi’nda da ha’r bir jas wo’zin juwapkerli seziwi kerek boladi’. «Ag’alardi’n’ a’n’gimesi» povesti mine usi’ni’ sheshiwge qarati’lg’an. Seytek te, Arti’q ta, Matveyde gu’resshen’ adamlar. Wolar sonday shi’rayli’ respublikami’zdi’n’ kelbetin jan’arti’wshi’lar, bag’di’ do’retiwshiler. Mine, usi’nday u’lken islerdin’ qa’dir-qi’mbati’n biliwge wo’tkendegi turmi’si’mi’zdi’n’ usi’nday ta’replerin u’yreniwge shaqi’radi’.

Sonday-aq ko’rnekli jazi’wshi’ T.Qayi’pbergenovti’n’ «Suwi’q tamshi’» povestin woqi’w arqali’ ha’r bir jasti’n’ wo’zinin’ ku’shi-qu’dretin, aqi’l-oyi’na iseniwshilikti, solay yetip, turmi’stan worni’n tawi’p ali’wg’a umti’li’w u’lken poetikali’q formalar negizinde su’wretlenedi. «Suwi’q tamshi’»- jay tu’rdegi tamshi’ yemes. Al ayi’ri’m adamlardi’n’ wo’mirinde ushi’rasatug’i’n tamshi’lar. Sonday u’lken ashi’li’wlardi’n’ miynet ko’terin’kiligin’, tabi’slardi’n’ ki’yi’nshi’li’qlari’ da, quwani’shlari’ da boladi’. Kamal ha’mme balalarday mektepte woqi’ydi’, uri’s ji’llari’ndag’i’, uri’stan keyingi da’wirdegi ha’r qi’yli’ jetispewshilikti adamlar menen ko’redi. Povestte tayar qa’lip joq. Miynet islewge qumarli’q Kamaldi’n’ jasaw sharayati’nan kelip shi’g’adi’. Mi’sali’: povesti woqi’p woni’n’ wo’mir jollari’na, woylari’na baslang’an islerine isenesen. Woni’n’ barli’q ha’reketi Kamal jasap ati’rg’an wo’mirdin’ ag’i’mi’nan kelip shi’g’i’p arti’qsha boli’p turg’an xesh bir na’rse jok. Bul povesttin’ yen’ joqari’ si’patli’ belgisi. Usi’nday boli’p shi’g’i’wi’ «Men» formasi’nda jazi’lg’ani’nda yemes, lirikali’q proza jazi’wshi’g’a poetikali’q usi’l si’pati’nda tvorchestvoli’q mu’mkinshilik beredi. Povestte turmi’sli’q tiykari’

bar ma'sele duri's qoyi'lg'an. Povesttegi «atan'ni'n' balasi' bolma, adamni'n' balasi' bol» degen pikir menen suwi'q tamshi' arasi'ndag'i' logikali'q baylani's saqlang'an. Kamal obrazi'ndag'i' turmi'sqa jaqi'nli'q mine usi'nnan ko'rinedi. Wol jas waqi'tlari'nda uri'sti'n' azabi'n tartqan bala. A'kesi arzago'ylik qi'ladi'. Bir neshe adamlardi'n' ji'nayatsi'z qamali'wi'na sebepshi bolg'an, frontta fashistler ta'repine wo'tip ketedi, a'kesinin' yel-xali'q aldi'ndag'i' buri'shi'n aqlamag'ani' woni'n aqi'beti, wo'mirge jan'a qa'dem qoyg'an Kamaldi'n' moyni'na tu'sedi. Wol hu'jdan azabi'n tartadi'. Qaxarmandag'i' psixologiyali'q keshirmelerdi sonday yetip su'wretleydi, kitap woqi'wshi'ni'n' bir ha'diysege bir so'zge shubhalani'p qarawi' mu'mkin yemes. Wo'mirdin' ag'i'mi' menen qaxarman xarakterindegi psixologiyali'q keshirmelerdegi baylani'slardan, sol ha'diyselerge keltiriwshi sebeplerden izleydi. Kamal wo'mirge «qayti'p» kelgende ya ruwlas ag'ayinlerinin', ya jaqi'n juwi'q tuwi'sqanlari'ni'n' ja'rdemi menen yemes, al wo'zinin' adamgershiligi hadal miyneti arqali' jen'ip shi'g'adi'. Kamal adamlardi' turmi'sqa, wo'mirge qaynag'an miynetke shaqi'radi'. wo'zi barli'q haq niyetli adamlar menen birge boladi', birge ju'redi, yendi Kamaldi'n' aldi'nda hesh kim keselep shi'g'i'wi' mu'mkin yemes. Wol turmi'sta adamlardi'n' sanasi'n rawajlandi'ri'wg'a ku'ta' ta'sir yetedi. Suwi'q bir tamshi'ni'n' si'ri' sonda jaslardi' hadal miynet islewge shaqi'ri'wshi' yen' jaqsi' realistlik shi'g'arma boli'p tabi'ladi'.

Son'g'i' ji'llar ishinde usi'nday shi'g'armalar do'retilgen, wolarda usi'nday jetiskenlikler bar, yendi prozani'n' rawajlani'wi'na irkinish beretug'i'n hesh na'rse joq degen ma'ni kelip shi'qpaydi'. Bunday ha'diyseler bar, wol mi'nalarda ko'rinedi, deydi ilimpaz. Solay yetip woni'n' berilgenlerin da'lilleydi. Birinshiden, prozani'n' lawlap wo'siwinin' da'slepki ji'llari'nda turmi's haqi'yqatlari'n tiplestiriw poetikali'q mazmuni'ni'n' jarli'li'g'i' ko'zge taslani'p turadi'. A'lbette wolardi'n' ishinde «A'jiniyaz saparda», «Kek jali'ni'» romanlari' materialg'a bay, ayri'qsha «A'jiniyaz» romani'n belgilip wo'tiwge tuwra keledi, dep bul

romang'a unamli' pikir bildiredi. Ja'ne de ilimpazdi'n' pikirinshe keyingi ji'lda do'retilgen shi'g'armalardi'n' u'lken bir bo'legi ha'zirgi da'wirde qaharmanli'q penen miynet yetip ati'rg'an jaslardi'n' obrazi'n do'retiwge qarati'lg'an. Bul shi'g'armalardi'n' quri'lg'an waqi'yalari' qoyg'an ma'seleleri ha'r qi'yli' boli'wi'na qaramastan, wolardi' birlestiretug'i'n jaslardi'n' sewgi-muhabbati' boli'p yesaplanadi'. Mine, usi'nday temag'a bag'i'shlang'an bir neshe povestler payda boldi'. Bulardi'n' arasi'nda Q.Jumaniyazovti'n' «Jaylawi'm», İ.Qurbanbaevti'n' «Bir awi'z so'z», A'.Atajanovti'n' «Sarg'ayg'an da'pter», Wo.Pirjanovti'n' «Su'wret», G.İzimbetovani'n' «Tung'i'sh muhabbat», «Ayrali'q qosi'g'i'», «Ju'rek si'ralari'» si'yaqli' povestlerdi qosi'w mu'mkin. Joqari'da ko'rsetilgen shi'g'armalar boyi'nsha akademik N.Nurmuxammedovti'n' «Ha'zirgi qaraqalpaq prozasi'ni'n' aktual problemalari'», J.Nari'mbetovti'n' «Qaraqalpaq romani'ni'n' ha'zirgi jag'dayi' haqqi'nda», Q.Maqsetovti'n' «Jan'a povestler haqqi'nda woylar» degen sonday aq ku'ndelikli baspa so'zlerde K.Qudaybergenovti'n', A'.Qoji'qbaevti'n', S.Bahadi'rovani'n' maqalalari' ja'riyalandi'. Wolarda tiykarg'i' wortag'a qoyi'lg'an ma'seleler a'debiyati'mi'zdi'n' son'g'i' ji'llardag'i' rawajlani'wi'n belgilewden ibarat yekenin bildiredi. Ma'selen akademik N.Nurmuhammedov: «Ha'zir qaraqalpaq prozasi' ha'r ta'repleme wo'sti, janrlar menen temalardi'n' ha'r qi'yli'li'g'i', prozada jazatug'i'n avtorlar sani'ni'n' arti'wi' ha'm jazi'wshi'lari'ni'n' ko'rkemlik sapasi'ni'n' jaqsi'lani'wi', prozani'n' yen' jaqsi' shi'g'armalari'na woqi'wshi'lar ja'miyeti ha'm kritika ta'repinen unamli' baha beriliwi, shi'g'armalardi'n' basqa tillerge awdari'li'wi' usag'an jetiskenlikler ha'zirgi qaraqalpaq prozasi'ni'n jetiskenligi boli'p tabi'ladi'[1]» dese, al J.Nari'mbetov wo'zinin' joqari'dag'i' ati' atalg'an maqalalari'nda ha'zirgi da'wir turmi'si'n su'wretlewdin' qospali' yekenligin yeskerte kelip

[1] **Нурмухаммедов М. «Әмиўдарья» журналы, 1976, №10, 98-бет.**

bi’lay dep jazadi’: «Sebebi wondag’i’ waqi’yalar, xarakterler yele toqtaspag’an, yele wo’z rawajlani’wi’n tawi’spag’an juwmaqlanbag’an…»[1]

Bunday pikirler a’debiy kritikani’n’ qansha da’rejede a’debiy process penen birge qaynasqan woni’n jetiskenliklerine quwani’p ati’rg’an, wori’n alg’an kemshiliklerdi tez arada du’zetiw ushi’n gu’res ali’p barati’rg’an adamlardi’n’ ideyali’q bag’darli’ri’n ko’rsetedi. Wolar ko’rkem shi’g’arma haqqi’nda pikir ju’ritiwdin’ qansha da’rejede paydali’ yekenligin ko’rsetip turadi’. Adamlardi’n’ turmi’si’, ta’biyat ha’r bir adamg’a qansha da’rejedegi bayli’qlardi’, sawli’q –salamatli’qlardi’, bilimdi, dosli’q-tuwi’sqanli’qlardi’ ha’m qaharmanli’qlardi’ berdi. Ta’biyat wo’zi saqi’y yeken, biraq wol barli’q na’rselerdi aldi’na tayarlap qoymas yeken, adamlar woni’ ku’n sanap, saat sanap, ji’llardi’ sanap wo’zlestirip aladi’ yeken. Ta’biyatti’n’ ha’m ja’miyettin’ barli’q bayli’qlari’n wo’zlestirgen adam talantli’ yaki qaharman adam.

Ha’zirgi da’wirdegi prozani’n’ rawajlani’wi’ni’n’ bir wo’zgesheligi bar, wol mi’nada ko’rinedi buri’nlari’ turmi’si’mi’zdag’i’ yadda qalarli’q bir waqi’ya shi’g’armag’a negiz yetip ali’nati’n yedi. Bul waqi’ya sonshama janrlardi’n’ talabi’n qanatlandi’ra ma, joqpa, woni’n’ menen yesaplaspastan, ba’rshe sol waqi’ya negizinde do’reteberetug’i’n yedi. Al, Q.Jumaniyazovti’n’ «Jaylawi’m» povesti arqali’ biz bunday ha’diyselerdi yemes, al povest ushi’n i’layi’q bolg’an waqi’yalardi’n u’stinen shi’qqan hu’kimler menen tani’sami’z. Soni’n’ ushi’n wondag’i’ su’wretlengen ha’r bir waqi’yada, tek turmi’si’mi’zdi’n waqi’yalari’ yemes, al woni’n keleshegi, waqi’yalardi’n rawajlani’wi’ni’n aqi’betin, turmi’si’mi’zdag’i’ bazi’bir ha’diyselerdin’ na’tiyjesi nege ali’p kelip woti’rg’anli’g’i’n ko’rsetiwge bag’darlang’an. Wolar ju’rgen joli’n’ni’n’ duri’s yaki naduri’s yekenligin ani’qlawg’a ja’rdem beredi. Respublikami’zdi’n’ uzaq rayonlari’nda sharwashi’li’qti’ rawajlandi’ri’w ushi’n gu’resken shopanlari’mi’zdi’n’

[1] **Нарымбетов Ж. «Әмиўдарья» журналы, 1970, №8, 126-бет.**

turmi'si'n suwretlew arqali', wori'n alg'an ayri'm ha'diyselerdin' betin ashadi'. Tan'atar-turmi's penen baylani'sli' bolg'an qaharman. Woni'n' povestte suwretlengen wo'miri joqari'dag'i' ha'diyselerdin' mazmuni'n ashi'g'a sebepshi boladi'. Wol turmi'sta u'lken qi'yi'nshi'li'qlarg'a, ya shug'i'lli'qqa, ya ta'biy apatlarg'a, ya bir-birewge biz benen pi'shaq beriwge ushi'raspaydi'. Al, hadal yetip miynet islewge, adamlardi' adam si'pati'nja tani'wg'a, woni'n' qa'dirin biliwge, ja'miyetlik mu'likti ko'zdin qarashi'g'i'nday saqlawg'a ti'ri'sadi'. Bul ha'zirgi da'wir adamlari'ni'n' nag'i'z kelbetin ko'rsetedi. Povestte su'wretlengen ha'r bir adamni'n' Jumabay, Shi'nargu'l, Tan'suli'w, Wotbasqanni'n' da wo'zinin' wo'mir joli' bar, maqsetleri bar, birewleri adamgershiliktin' duri's joli'n go'zlese, birewleri wog'an qarama-qarsi'. Povesttin' tiykarg'i' temasi' sharwashi'li'qti' rawajlandi'ri'w. Wonda qaharmanli'q gu'resler g'ana yemes, al adamlardi'n' minez hulqi'ndag'i' naduri's hareketlerdi joq yetiwge, wo'tirik u'stinen haqi'yqatli'li'qti'n' jen'isin bekkemlewge qarati'lg'an. Mine, mi'sali': Wotbasqan fermani'n basli'g'i', woni'n' aytqani'-aytqan, degeni-degen. Sol aytsa ba's, ha'mmesi jayi'na ju'redi. Bul kisinin' «Jomi'ri'» ushi' «Wotbasqan qaysi' adam bolsada bir jip penen baylap qoyadi'. Shi'bi'rdi' ali'slardan taslap worap aladi'. Sovxozdi'n' direktori'da wog'an woylasadi', ha'tteki soni'n' so'zi menen is ali'p baradi'. Bul fermada Wotbasqanni'n' i'g'i'n shalmaytug'i'n adamni'n' wo'zi joq. Brigadir Ja'nibek bolsa wo'zinin' ag'ayini buxgalterde Wotbasqanni'n ji'lawi'nda tu'rli adam. Wotbasqan birewdi adam qi'laman dese,adam qi'ladi', joq ki'laman dese tu'bine duz yegedi. Povesttegi tiykarg'i' mazmun jeke adamlardi'n' pikirin' u'stinen ja'miyetlik pikirlerdin' u'stemlik yetiwinin' aqi'beti boli'p tabi'ladi'. Usi'dan adamlar arasi'ndag'i' ja'miyetlik a'hmiyetke iye bolg'an tarti'si'wlardi'n' a'debiy sa'wlesi ko'rinedi. Ja'miyetlik turmi'stag'i' tarti'si'wlardi' a'debiy konflikte aylandi'ri'w jazi'wshi'n'i'n' sheberligine baylani'sli'. Povesttegi Wotbasqan menen shopanlar arasi'ndag'i' bul g'ana yemes, al shopanlardi'n'

wo’zlerinin’ arasi’ndag’i’ tarti’si’wlarda ju’da duri’s sheshilgen. Bul jazi’wshi’ni’n’ sheberligi. Tan’atardi’n’ barli’q iselerine Wotbasqan aralasadi’. Woni’n’ qoylari’na jem bermeydi, bir woqi’w worni’na kiremen dese aldi’nan kes-keslep shi’g’adi’. U’yleneyin dese ayti’p ju’rgen qi’zi’n, joldan shi’g’arg’i’si’ keledi, al yeger u’ylengen bolsa, Tan’atardi’ ayni’ti’w ushi’n wo’zinin’ qari’ndasi’nan shekem iske saladi’. Bul yendi bari’p turg’an qa’siyetsizlik. Bunday isler adamni’n’ ko’zinede ko’rinebermeydi, ko’rinsede jiptin’ ushi’n tawi’p ali’w qi’yi’n. Soni’n’ ushi’nda Wotbasqanday adamlardi’n’ boli’wi’ ta’biy. Wol bakteriya. Azi’raq qolayli’ sharayat tapsa, biri mi’n’ boli’p wo’sip shi’g’adi’. Sonli’qtan bir jas shan’araqlardi’ ja’miyetlik mu’lkti qorg’aw ushi’n wonday adamlar menen qatar gu’res ali’p bari’w kerek. Povest usi’nday gu’reske shaqi’radi’.

«Aq tal asti’ndag’i’ aqsham», «Hayallar», «Ko’gildir aspan», «Ayrali’q qosi’g’i’», «Hu’jdan qi’ssasi’» povestleri a’debiyati’mi’zdi’n’ yen’ yeski temalari’na quri’lg’an. Ha’r bir povest xali’q ushi’n a’hmiyetli ma’selelerdi sheship beredi. Wolardi’n’ ishinde «Su’wret», «Hayallar», «Ayrali’q qosi’g’i’» povestlerinde watandarli’q uri’sti’n’ adam tag’diyrine ali’p kelgen qara aqi’betlerin a’shkaralawdi’ a’melge asi’radi’. Al, «Aqtal asti’ndag’i’ aqsham» povestinde wo’zinin’ ten’ine qosi’li’w ushi’n qali’n’ maldi’n’ ha’m atasti’ri’p qoyi’wdi’n’ da’rdeserine ushi’rag’an adamlardi’n’ ta’g’diyrlerin su’wretlewdi. «Perzent» povestinde ata menen bala arasi’ndag’i’ ha’diyselerdi adamlardi’n’ biliwi kerek bolg’an ma’selege qarati’lg’an dep ko’rsetedi. Mi’salg’a ali’ng’an shi’g’armalardi’n’ qi’zi’qti’ratug’i’n ayri’qsha bir ma’selelerdin’ biri ko’pshiligi bir temag’a birikken. Biraq woni’n’ turmi’sti’n’ ha’r qi’yli’ foni’nda sheship bergen. Ma’selen: U.Pirjanovti’n’ «Su’wret» povestinde joqari’ woqi’w worni’nda bilim ali’p ati’rg’an studentlerdin’ turmi’s su’wretlense, «Hayallar» povestinde watandarli’q uri’stan keyingi awi’l-xojali’g’i’ndag’i’ qi’yi’nshi’li’qlar adamlardi’n’ jetispewi soni’n’ menen birge paxta, basqa awi’l xojali’q wo’nimlerinin’ mol zu’ra’a’tin jetistiriw ushi’n gu’resip

ati’rg’an adamlardi’n’ obrazlari’ su’wretlenedi. K.Raxmanovti’n’ «Ayrali’q qosi’g’i’» povestinde uri’sti’n’ arsi’z aqi’betlerin lirik qaharmanni’n’ ishki keshirmeliri arqali’ ashi’p beredi, bul a’debiyati’mi’zg’a jan’a ha’diyseni ali’p keledi, sebebi Alti’naydi’n’ qosi’g’i’ ayrali’q qosi’g’i’ yedi. Woni’n’ anasi’ a’kesin taslap ketedi. Al a’kesi watandarli’k uri’sti’n’ bir wo’mirge shati’lg’an invalidi yedi. Mine, usi’nday adamni’n’ qi’zi’ni’n’ aldi’nda «Hayali’mdi’ taslap seni alaman» degen dekanni’n’ so’zi turadi’. Wol jazi’qsi’z studentlerdin’ ayri’mlari’n instituttan shi’g’aradi’, wo’sh ali’wdi’n’ ta’repinde bola beredi. Povest ja’miyetlik turmi’sti’ biliw ushi’n ayri’qsha bahali’.

Sapar Xojaniyazov prozada, dramaturgiyada ko’pten berli islep ati’rg’ani’ belgili. Usi’ da’wir ishinde wol «Aq alti’n yelinin’ adamlari’», «Baxi’ti’n tapqan Bekjan», «Hu’jdan qi’ssasi’» si’yaqli’ povestlerdi do’retti. Soni’n’ menen birge ilimpaz a’debiyati’mi’zdi’n’ rawajlani’wi’nda yeki na’rse ayri’qsha ko’zge taslani’p turatug’i’nli’g’i’n bildiredi. Birinshiden, shayi’r jazi’wshi’lar xa’zirgi turmi’s haqi’yqatli’g’i’n poetikali’q jaqtan uli’wmalasti’ri’wg’a qaray qi’zg’i’n kirispekte. Bunda da’wirimizde boli’p ati’rg’an waqi’yalardi’n’ tariyxi’y konkretligin saqlaw arqali’ ja’miyetlik turmi’si’mi’zdi’n’ talap yetken yen’ aktual ma’selelerin shi’g’armalari’nda wortag’a qoyi’p ati’r. Yekinshiden, son’g’i’ ji’llardag’i’ a’debiyati’mi’zdi’n’ rawajlani’wi’nda ha’r bir tariyxi’y adamni’n’ konkret wo’mirin, woni’n’ wo’tkendegi turmi’si’na, ha’zirgi da’wirine arnali’p shi’g’armalar do’retilmekte. Buday shi’g’armalarda qaraqalpaq a’debiyati’mi’zdi’n’ rawajlani’wi’ndag’i’ jeke ma’p penen ja’miyetlik ma’pler arasi’ndag’i’ qatnaslardi’ ashi’wg’a, ja’miyetlik ma’ptin arti’qmashi’li’g’i’n ko’rsetiwi, xali’qli’q a’hmiyetke iye bolg’an ma’selelerdi wortag’a qoyi’wg’a poetik obrazdi’n’ mazmuni’ni’n’ teren’ boli’wi’na jeke adam tag’diyri arasi’ndag’i’ qari’m-qatnasti’ ashi’wg’a, yen’ aqi’ri’nda adamlardi’n’ kewlinde tolqi’nlandi’ri’p ju’rgen woylardi’ ko’rsetiwdi, adamlardi’ tani’wg’a ayri’qsha di’qqat bo’lip ati’r. Usi’nday shi’g’armalardi’n’

ja’miyetlik turmi’sti’ biliwde, ha’r bir adamdi’ tani’wda woni’n’ ja’miyetlik turmi’sti’ arnap belgilewde u’lken a’hmiyeti bar. Sebebi jazi’wshi’ belgili bir da’wirdin’ adami’ woni’n’ aldi’ndag’i’ qatardag’i’ ideologi’, ja’miyetlik isker boli’p tabi’ladi’. Usi’ mazmunda J.Aymurzaevti’n’ «Jetimnin’ ju’regi», Q.Ayi’mbetovti’n’ «Wo’tken ku’nlerden yelesler», Q.Sultanovti’n’ «A’jiniyaz» shi’g’armalari’ni’n’ a’hmiyeti u’lken yekenin aytadi’. Ja’ne de J.Aymurzaevti’n’ qaraqalpaq a’debiyati’ndag’i’ worni’n belgilep wol a’debiyati’mi’zdag’i’ aqsaqallari’mi’zdi’n’ biri deydi. J.Aymurzaev a’debiy processtin’ aldi’ng’i’ qatari’nda kiyati’r. «Jetimnin’ ju’regi» wog’an mi’sal bola aladi’. «Jetimnin’ ju’regi» xa’zirgi prozani’n’ yen’ jaqsi’ shi’g’armalari’ni’n’ biri boli’p tabi’ladi’. Son’g’i’ ji’llari’ Respublikami’zdag’i’ belgili ilimiy g’ayratker, filologiya ilimlerinin’ doktori’, professor a’debiyati’mi’zdi’n’ jan ku’yeri marhum Q.Ayi’mbetovti’n’ «Wo’tken ku’nlerden yelesler» degen memuarli’q kitabi’ prozani’n’ rawajlani’wi’nda yelewli wori’n alatug’i’ni’n avtor ha’r ta’repleme belgileydi. Bul prozali’q shi’g’armag’a toqtaydi’. Bul do’retpenin’ tog’i’z bo’limnen ibarat yekenin bildiredi. Wonda adamlardi’n’ ko’rinisleri, salt-da’stu’r, i’ri’mlari’, bazarlar, tu’rli ka’sip adamlari’, jumi’ssi’zlar, tu’rli alag’at zaman, jan’a mektep bosag’asi’, To’rtku’l bilim ha’m ma’deniyat worayi’ yekenligi, ma’deniy maydan, Alma-Atag’a woqi’wg’a barg’ani’, Qaraqalpaqstang’a ilimpazlardi’n’ keliwi, ilimiy ekspediciyalar, armiya qatari’nda bolg’an da’wirleri, watandarli’q uri’stan keyingi da’wirdi wo’z ishine aladi’. Q.Ayi’mbetov u’lken folklorist. Wol awi’z a’debiyati’mi’zdi’n’ bay materiallari’n xali’q arasi’nan ji’ynag’an ha’m wolardi’ basti’ri’p shi’g’arg’an, xali’qti’ ta’rbiyalaw ushi’n qural yetken. Mi’sali’ : «Qaraqalpaq awi’llar» degen bo’liminde qudali’q, salt-da’stu’r i’ri’mlari’, tag’i’ da basqa etnografiyag’a tiyisli materiallar tabi’ladi’. Soni’n’ ushi’n bolsa kerek Qalli’ ag’ani’n’ doktorli’q dissertaciyasi’n jaqlap ati’rg’an waqi’tta wo’zbek shayi’ri’ ha’m ilimpazi’ Muzayana Alaviya minberge shi’g’i’p «Qalli’ ag’a tek qaraqalpaq

xalqi’ni’n’ g’ana yemes, al Worta Aziya xali’qlari’ni’n’ arasi’nda ati’ ko’pke ma’lim bolg’an ilimpaz. Wol turmi’sti’n ha’mme ta’repin biletug’i’n bazi’ waqi’yalardi’n’ ani’q bolg’an waqi’ti’na shekem ayti’p beretug’i’n qaraqalpaq inceklopedisti boli’p tabi’ladi’» degen yedi. «Wo’tken ku’nlerden yelesler» buni’n’ ayqi’n mi’sali’ boli’p tabi’ladi’. Son’g’i’ ji’llarda a’debiyati’mi’z u’lken tabi’slardi’ qolg’a kirgizbekte. Wo’tkendegi ha’m ha’zirgi da’wirdin’ turmi’si’nan ali’p jazi’lg’an jan’a romanlari’, povestler, gu’rrin’ler, ocherkler payda boldi’. Dramaturgiya sani’ ha’m sapasi’ jag’i’nan rawajlanbaqta. Bular a’debiyati’mi’z maydani’nda quwanarli’ jagday boli’p yesaplanadi’. D.Aytmuratovti’n’ «Pirqaqqan» komediyasi’ qaraqalpaq ma’mleketlik teatri’ni’n’ sahnasi’nda qoyi’ldi’. Komediyani’ ha’mme adamlar ko’rdi. Ayri’qsha unag’an jeri men’menlik penen a’melparazli’qti’ ha’m ag’ayi’npazli’qti’ qaralag’an piri boldi’. K.Raxmanovti’n’ «Wo du’nyag’a mira’t» trogediyasi’ndag’i’ Taspolat, Ulperi, Nurpolatlarda da’l usi’nday. Biraq wolardi’n ha’r birewinin’ wo’z aldi’na jasaw sharayati’ bar. Wolar wo’tirikti uw jalaydi’, ko’rgenin ko’rmedim, yesitkenin yesitpedim, aytqani’n aytpadi’m, deydi. Uli’wma bul komediya turmi’stag’i’ ha’r qi’yli’ ma’selelerdi tami’ri’nan kesip taslawg’a qarati’lg’an. Juwmaqlap aytqanda dramalaq shi’g’armalar menen povesttin’ mazmuni’ bir birine qarama-qarsi’. D.Aytmuratov, K.Raxmanov ag’ayi’npazli’qti’ qaralaydi’. K.Qudaybergenov quwatlaydi’. A’lbette qaraqalpaq prozasi’ni’n’ rawajlani’wi’nda woni’n’ ideyali’q mazmuni’ bas bag’dari’n belgileydi. Son’g’i’ ji’llari’ a’debiyattani’w iliminde qaxarmanlardi’ unamli’, unamsi’z ideyal qaxarman, bas qaxarman, dep bo’liw anag’urli’m da’rejede belgili ilimiy negizge quri’li’p ta’rtipke sali’ni’p kiyati’r. Sonday boli’wi’na qaramastan qaharman terminin ani’qlag’anda mi’naday ani’qlmalar wori’n aladi’. «Ko’rkem shi’g’armag’a qatnasqan, wo’zine ta’n minez-quli’q, xarakterge iye bolg’an shi’g’armadag’i’ adamlar ha’m waqi’yalarg’a toli’q tiyisli bolg’an adamdi’ shi’g’armani’n’ qaharmani’ dep ataymi’z» dep jazi’lg’an. Q.Sultanov

miynetinin’ keyingi bo’limi «Shi’n’larg’a qaray» dep atali’p, bunda ha’r bir da’wirdin a’debiy processi haqqi’nda ken’ toqtaydi’, xali’qti’n’ siyasiy, ja’miyetlik ha’m ma’deniy turmi’si’ni’n rawajlani’wi’ndag’i’ tiykarg’i’ bag’darlardi’ ko’rsetip beredi, ha’r bir da’wirdin’ rawajlani’w joli’ bar, a’debiy processtin’ rawajlani’w joli’da sonday. Wo’zine ta’n bolg’an joli’n hesh bir xali’qti’n’ a’debiyati’ tariyxi’nan ko’riw mu’mkin yemes.

Sonday-aq xali’qti’n’ a’debiyati’n’ rawajlani’wi’ni’n’ ishki resurslari’, woni’n’ «ja’njelleri» menen «soqli’g’i’si’wlari’» pikirli tarti’slari’ menen ilgerilewshi momentler bar. Son’g’i’ ji’llardag’i’ qaraqalpaq prozasi’ni’n’ rawajlani’wi’na ilimpaz tag’i’da teren’irek analiz jasap wonday folklorli’q su’wretlew menen realistlik su’wretlewdin’ birin-biri jetilistiriw arqali’ qosi’li’p bari’wi’ u’lken wori’n alatug’i’ni’n ayti’p wo’tedi. Folklorli’q su’wretlewdin’ yen’ jaqsi’ u’lgileri Ayapbergen menen Seypulg’abittin’, Abbaz benen Sadi’q shayi’rdi’n shi’g’armalari’nda ko’rinedi, wolarda «Puw ag’ashti’ jasartqan», «Woti’z besti jetpis beske aldi’rg’an», adamlardi’n’ obrazlari’ sonday yetip berildi, buni’ hesh bir xali’q shayi’ri’ ha’zirgi da’wirde qaytalaw mu’mkin yemes deydi. Solay yetip bul bo’limde ilimpaz qaraqalpaq prozasi’na woni’n’ rawajlani’w bag’darlari’na ha’r ta’repleme toqtap si’patli’ belgilerin teoriyali’q jaqtan da’lillep bergenin ko’remiz. Soni’n menen birge Q.Sultanov proza menen birge qaraqalpaq dramaturgiyasi’ ha’m poeziyasi’ wa’killerinin’ do’retiwshiligin izertlewge wo’z u’lesin qosi’p bir neshe miynetler do’retkenin an’ladi’q. Uli’wma alg’anda bul bo’limde biz Q.Sultanovti’n’ qaraqalpaq prozasi’ni’n’ rawajlani’w bag’darlari’ haqqi’nda so’z yetken miynetlerine toqtap wolardi’ tallawg’a ha’reket yettik. Q.Sultanov qaraqalpaq a’debiyati’nda realistlik prozani’n’ da’lepki u’lgileri M.Da’ribaev, A’.Shamuratov, N.Da’wqaraevtan baslani’p ko’lemli roman jani’ri’na tiykar salg’an A.Begimov, J.Aymurzaev, Wo’.Ayjanov, Q.Sultanov shi’g’armalari’na tutasqanli’g’i’n belgilep wo’tedi. Al, qaraqalpaq prozasi’ni’n’ rawajlani’wi’ alpi’si’nshi’, jetpisinshi ji’llari’ ayri’qsha

yekenin S.Xojaniyazov, Wo.Bekbawliev, T.Qayi’pbergenov, Sh.Seyitov, T.Najimov, A.Aliev, Q.Jumaniyazov h.t.b. shi’g’armalari’ mi’sali’nda tutas da’lillegenin ko’rip wo’ttik.

## 1.2. İlimpazdi’n’ Sh.Aytmatov prozasi’na si’n pikirleri.

İlimpaz Q.Sultanov wo’zinin’ proza boyi’nsha izertlewlerinin’ ishinde belgili da’rejede qi’rg’i’z jazi’wshi’si’ Sh.Aytmatov prozasi’na da wo’z da’wirinde bir qatar maqalalari’n do’retkenin ko’remiz. Bul tarawda ilimpaz jetik qa’niyge si’pati’nda jazi’wshi’ do’retiwshiligine teoriyali’q jaqtan ha’r ta’repleme jantasi’p a’hmiyetli ko’zqaraslari’n bildiredi. Woni’n’ pikirinshe Sh.Aytmatov do’retiwshiliginin’ wo’zgesheligin tu’sinip ali’wi’mi’z kerek. Sonli’qtan mi’naday bag’darlari’n belgileydi. Son’g’i’ ji’llarda prozani’n’ rawajlani’wi’ni’n’ ja’ne bir belgisi deydi ilimpaz: wonday doretilgen qaharmanlardi’n’ ruwxi’y du’nyasi’ bay. Bul tosi’nnan payda bolg’an qubi’li’s yemes. Sh.Aytmatovti’n’ «Qus joli’» ha’m «Yerte kelgen ti’rnalar» degen povestleri bar. Bul povesttegi yeki ayri’qsha jag’dayg’a di’qqat qaratpaqshi’mi’z. Birinshiden Tolg’anaydi’n’ ana jer menen bolg’an diologi, bul jetinshi bo’limde berilgen, al segizinshi bir diologtan ibarat jan’a ga’pler bar. So’ytip povestti tamamlaydi’.

-Kettin be, Tolg’anay?

-Kettim. Hayi’r, aman bol. Wo’lmesem ja’ne kelermen.

Bul yendi yekinshi jer ju’zlik uri’sti’n’ Adam ta’g’diyrine ali’p kelgen barli’q jarasi’n ko’kirekke jaylasti’ri’p ketip barati’rg’an ana Tolg’anaydi’n’ kelbeti. Ja’ne de sol jazi’wshi’ni’n’ «Yerte kelgen ti’rnalar» povestindegi yen’ aqi’rg’i’ juwmaqti’ ali’p qaraydi’. «Qasqi’r buri’ng’i’dan beter jaqi’nlasi’p jerge yen’keyip jelkesinin’ ju’nin u’rpeytip ati’lar aldi’nda serpiletug’i’n prujinaday boli’p qaqshi’yi’p qaldi’. Sultanmurat bul wo’mirinin’ ishinde birinshi ma’rtebe gewdesine si’ymay du’rsildep turg’an ju’reginin’ sestin naqma-naq yesitti. Sultanmurat qoli’ndag’i’ ju’wendi qatti’

qi’si’mlap usi’lawi’ menen qulashi’n siltep jiberiwge tayi’n boli’p tur. Bul jerde ayri’qsha di’qqat beriletug’i’n na’rse ko’rkem shi’g’armani’n’ wo’zine ta’n bolg’an su’wretlengen waqi’yalari’n mazmuni’nan kelip shi’qqan wo’lshemin saqlawda boli’p tur. İlimpaz mine usi’nday ha’r bir teksttin’ qollani’li’w wo’zgesheligine teren’ analiz bergenin ko’remiz. Q.Sultanov wo’zinin’ «Shi’n’g’i’s Aytmatov ha’m qaraqalpaq a’debiyati’» degen maqalasi’nda da qi’rg’i’z jazi’wshi’si’ Sh.Aytmatov do’retiwshiligi haqqi’nda ga’p yete woti’ri’p qaraqalpaq prozasi’ni’n’ ayri’m bag’darlari’ haqqi’nda toqtaydi’. Ma’selen, maqala bi’lay baslanadi’.

Sh.Aytmatovti’n’ tvorchestvosi’ jo’ninde pikir bildirmegen jazi’wshi’, a’debiyatshi’lardi’n wo’zi joq. Wolarda yeki na’rse ju’da ani’qlanadi’. Birinshiden, talantli yekenligi, yekinshiden shi’g’armalari’ni’n’ jer ju’zi boylap gezip ju’rgenligi. Wolardi’n’ yekewide duri’s. Birak, jazi’wshi’ni’n’ wo’zi ta’repinen «Paymana» romani’nda bir ga’p bar. Wol «Adam boli’w ku’nnen ku’nge qi’yi’nlasi’p barati’r» degen pikiri. Rasi’nda da adam boli’w qi’yi’nlasi’p barati’r. Buri’n adamlarda insap degen bolar yedi, woti’z ji’ldan aslamraq tubalap qali’wshi’li’q da’wirinde insap adamlardi’n’ ko’pshiliginen ku’ndelikli ha’reketlerinen tu’sip qaldi’. Miyrim-sha’pa’a’tlilik, qayi’r-qomli’q adamlar arasi’nda siyrek ushi’rasatug’i’n boldi’. Ha’mme na’rse «Bersen’ alasan’, alasan-beresen’» degen principke quri’ldi’. Jazi’wshi’lar, shayi’rlar, dramaturgler, baspa so’z xi’zmetkerleri arasi’nda tvorchestvo menen mi’n’ qaynasada sorpasi’ qosi’lmaytug’i’n adamlar menen toli’p ketti. Wolar wo’zlerinin’ bir tomlardan, kitaplardan ibarat shi’g’armalari’n baspada ja’riyalap sol da’wirdin’ klassigi da’rejesine ko’terilmekshi boldi’.

Jeke adamlarg’a si’yni’wshi’li’q da’wirinde bolg’an woni’n’ qati’p qalg’an rejelerine qarsi’ ta’rbiyalang’an tubalap qali’wshi’ da’wirinin’ ne tu’rli qi’yi’nshi’li’qlari’n bastan keshirgen, Sh.Aytmatov, V.Ostafev, V.Rasputin si’yaqli’ adamlar wo’zlerinin’ har bir shi’g’armasi’n xali’q arasi’na ja’riyalaw arqali’ sol shi’g’armada wortag’a qoyi’lg’an pikirinin’

duri's yaki naduri'sli'g'i'n baqlap bardi'. Klassikali'q ha'm jer ju'zlik a'debiyati'ni'n' ta'jriybelerin qunt penen u'yrendi, bul wo'zinin' na'tiyjelerin berip ati'r. Sh.Aytmatov tvorchestvosi' woni'n' ayqi'n mi'sali' boladi'. Wol usi'nday gu'reslerde shi'ni'qqan adamlardi'n biri. Soni'n' ushi'n «Sh.Aytmatov rus a'debiyati'nda ayri'qsha qi'zi'g'i'wshi'li'q penen qarayman. Buni'n' bir qansha sebepleri bar. Men jazi'qli'g'i'ni'n' shetine ko'z jetpeytug'i'n rus a'debiyati'ni'n' sheksiz da'rgayai'na Tolstoysha dani'shpanli'qti' ha'm obrazlardi'n' ruwxi'y jaqtan qospali'li'g'i'n jaqsi' ko'remen. Ju'da hayran qalatug'i'n Sholoxovsha dramatizmdi ha'm xarakterdin' Sholoxovsha jaqi'nli'g'i'n jaqsi' ko'remen.» Sh.Aytmatovti'n' da'slepki shi'qqan shi'g'armalari'nan son'g'i' da'wirlerde shi'qqan

«A'sirge tati'rli'q bir ku'n», «Paymana» povestlerine toqtap wo'tedi. Bul shi'g'armalardi'n' ha'r biri belgili da'wir menen, woni'n' tikkeley tiykarg'i' ma'seleleri menen baylani'sli'. Bulardi'n' ha'mmesi jer ju'zlik a'debiyatti'n' alti'n qori'nan wori'n aladi'. Usi' jerde jazi'wshi' bul shi'g'armalardi'n' yekinshi wo'zgesheligin atap wo'tedi. Mi'sali', yekinshi jer ju'zlik uri's waqi'yalari'na arnali'p jazi'lg'an «Jamiyla», «Razi' bol gu'lsari'», «Betpe-bet», «Ana jer-ana» shi'g'armalari' bar. Sh.Aytmatov wo'zinin' «Ana jer-ana» Tog'anaydi'n' uri'sti'n' sebebinen yerinen, u'sh balasi'nan ayri'latug'i'ni'n su'wretleydi. Biraq sonda da Tolg'anay nemec xalqi'na boli'p, fashitlerge boli'p bir jaman so'z aytpaydi'. Al, basqa xali'qlardi'n a'debiyatlari'nda nemec desede, fashist desede nemecti tu'sinetug'i'n boli'p ketti. Al, Sh.Aytmatov jer ju'zlik ma'deniyatti'n' rawajlani'wi'na baylani'sli' nemec xalqi'ni'n' do'retken bahasi'z u'lesin jaqsi' tu'sinedi. Xali'qlar arasi'ndag'i' dosli'qti'n ma'nisin ani'qlaydi'. Wol wo'zinin' shi'g'armalri'nda na'tiyjelerin berip ati'r, yeki tomnan ibarat kitaplari' nemec tilinde baspadan shi'g'i'p ati'r. Woni'n' tvorchestvosi' nemec tilinde worta mekteplerdin programmasi'na kiritilgen. Usi' ayti'lg'an pikirlerdin' biraz jazi'wshi'lardi'n' uri's da'wirinde jazi'lg'an shi'g'armalari' menen sali'sti'ri'p, woni'n' sonday Sh.Aytmatovti'n' bilim

da’rejesi, adamgershilikke qoyg’an talabi’ qansha da’rejede joqari’ yekenligin ko’riw qi’yi’n yemes.

U’shinshiden Sh.Aytmatov a’debiyatti’n’ wo’zine ta’n bolg’an wo’zgesheligin duri’s tu’sinedi. «Ko’rkem shi’g’armada ja’miyetlik turmi’sti’n’ ha’mme ta’repi ko’riniwi mu’mkin yemes». İskusstva ha’m a’debiyatta biliw sha’rt yemes, al woylaw tabi’w sha’rt ko’rkem a’debiya ja’miyetlik turmi’stag’i’ waqi’yalarg’a sha’rtli tu’rde sa’ykes keledi. Jasi’ri’ng’an pikirsiz iskusstvali’q boli’wi’ mu’mkin yemes, iskusstvani’n’ ha’mmesi sha’rtli degen pikirlerdi Sh.Aytmatov teren’ wo’zlestirip alg’an ha’m shi’g’armalarda duri’s qollani’ladi’. Sh.Aytmatov tvorchestvosi’ni’n’ wo’zgesheligi sonnan ibarat wol ko’rkem a’debiyatti’n’ teoriyali’q ta’repinin’ rawajlani’wi’na u’lken u’les qosqan adamlardi’n’ biri. Mi’sali’: jetpisinshi ji’llarda «Literaturnaya» gazetada ja’riyalang’an maqalasi’nda mi’naday pikirdi aytadi’: «Yeger shi’g’arma kitap woqi’wshi’lardi’n kewilin ha’rketke sala almasa, woni’n’ yestetikali’q talg’ami’n bayi’ta almasa, woni’n’ jaqsi’li’qqa ha’m jamanli’qqa qatnasi’n wo’zgerte almasa, wonday ne na’rse ayti’lmasi’n, qanday, ju’da’ paydali’ ha’m wog’an za’ru’r pikirler bolsa da, qanday tema ha’m problemalar qoyi’lmasi’n, wol haqi’yqi’y iskusstva yemes. Sh.Aytmatov teoriyali’q jaqtanda, praktikali’q jaqtanda qaynap pisken adam. To’rtinshiden Sh.Aytmatov yeliw jasi’na tolg’anda «Literaturni’y Kirgizstan» xi’zmetkeri Levchenko menen diologinde-sizin’ shi’g’armalri’n’i’zda nege Sheker awi’li’ sonday da’rejede su’wretlenedi?» degen sorawi’na -Men Sheker awi’li’n su’wretlew arqali’ realizmnin’ ma’nisin tu’sindim» degen yedi. Dursi’nda da sonday awi’li’ndag’i’ wo’zgerislerdin’ qanday yekenin bilmegen adam realizmnin’ ma’nisin tu’sinbeydi. Realizm tipik sharayat penen tipik xarakterdin’ bir birine sa’ykes keliwi degen so’z. Woni’n’ yekinshi ta’repide bar, tipik sharayat wo’zinin’ na’wbetinde tipik xarakterdi ju’zege shi’g’aradi’. Al, tipik xarakter jan’a sharayatti’ jaratadi’. Soni’n’ ushi’n da ko’rkem shi’g’armag’a baylani’sli’ xarakter mazmung’a aylanadi’, al tildin’ xarakterge qatnasi’

jag’i’nan til mazmung’a aylanadi’. Sh.Aytmatov ko’rkem shi’g’armani’n’ usi’nday si’patli’ belgilerin duri’s tu’sinedi. Sh.Aytmatov yeliwge shi’qqannan keyin yeki roman do’retedi. Wol yeki roman da baspadan shi’qqannan keyn «A’debiyatti’ bizler tu’sinemiz» dep ju’rgen adamlardi’n’ tas-talqani’n shi’g’ardi’. Wol turpayi’li’qta yemes, zorli’qta yemes, haqi’yqat a’debiyatti’n’ xi’zmetin duri’s tu’sinetug’i’n adamlardi’n’ biri. Soni’n’ ushi’nda belarus jazi’wshi’si’ A.Adamovich wo’zinin’ socialistik realizm ha’m woni’n’ keleshegi haqqi’nda jazi’lg’an maqalasi’nda «Sh.Aytmatovti’n’ «Paymana» romani’ ha’zirgi a’debiy processke wot tu’sirdi» degen yedi. Usi’nday wotlar adamlardi’ a’debiyatqa bolg’an qatnasi’n wo’zgertiwi mu’mkin. Sh.Aytmatov jer ju’zlik maydandag’i’ u’lken adamlardi’n’ biri. Woni’n’ «A’sirge tati’rli’q ku’n» romani’ jo’ninde E.Sidorov wo’zinin’ «Literaturnaya gazeta» da ja’zriyalag’an maqalasi’nda woni’ aldi’nnan yeskertiw jasap ati’rg’an roman dep belgilegen yedi. Buni’n’ ma’nisi Sh.Aytmatov shi’g’armalari’ni’n’ ha’mmesine tiyisli. «Woni’n’ barli’q shi’g’armalari’, aldi’n boljawli’q, ko’rgenlik a’hmiyetke iye» dep Sh.Aytmatov tvorchestvosi’ni’n wo’zgesheligin belgileydi. Soni’n’ menen birlikte ilimpaz wo’zinin’ bul maqalasi’nda[1] Sh.Aytmatov tvorchestvosi’ni’n’ qaraqalpaq prozasi’ni’n’ rawajlani’wi’nda belgili da’rejede ta’siri bolg’ani’n atap wo’tedi. Solay yetip qaraqalpaq prozasi’ni’n’ rawajlani’w bag’darlari’nda tuwi’sqan xali’qlar a’debiyati’ni’n’ soni’n’ ishinde qi’rg’i’z a’debiyati’ wa’kili Sh.Aytmatov prozasi’ni’n ayri’qsha u’lesi bolg’ani’n ha’r ta’repleme belgilep beredi.

## II BAP. Q.Sultanov-T.Qayi'pbergenov prozasi'n izertlewshi.

### 2.1.«Qaraqalpaq da'stani'»ni'n' qaraqalpaq prozasi'ni'n' rawajlandi'ri'wi'ndag'i' a'hmiyeti.

XX a'sir qaraqalpaq prozasi'nda wo'zinin' belgili da'rejede worni'na iye u'lken talant iyesi T.Qayi'pbergenov boli'p yesaplanadi'. Jazi'wshi' do'retiwshiligi boyi'nsha ko'pshilik ilimpazlar si'n pikirlerin bildirgeni ma'lim. Al, solardi'n ishinde ilimpaz Q,Sultanovti'n'da belgili da'rejede izertlegeni ko'pshilikke ma'lim. Hamza ha'm Berdaq ati'ndag'i' respublikali'q si'yli'qlardi'n' laureati' T.Qayi'pbergenov prozasi' boyi'nsha ilimpazdi'n' ko'pshilik ilimiy miynetlerinde so'z yetiledi. Woni'n' bul boyi'nsha ko'plegen ilimiy maqalalari'nan ti'sqari' «T.Qayi'pbergenovti'n' prozasi'»[1] kitabi' jari'qqa shi'qti'. Al, «Prozani'n' rawajlani'w jollari'» miynetinin' «İnsan ta'g'diyri», «Ja'llatlar woyi'ni'», «Tragediyani'n' baslani'wi'» bo'limleri tikkeley T.Qayi'pbergenovti'n' «Qaraqalpaq da'stani'» trilogiyasi'ni'n' tallawg'a qarati'lg'ani' menen bahali'. Shi'ni'nda da, jazi'wshi'ni'n' bul shi'g'armasi' qaraqalpaq prozasi'ni'n' son'gi' ji'llardag'i' rawajlani'w tabi'slari'ni'n biri yedi. Sonli'qtan, miynette bunday tabi'sqa yerisiwdegi jazi'wshi'ni'n' jeke stili, sheberligi ma'selesi ha'r ta'repleme ilimiy jaqtan tallang'an. Miynettin bir bo'limi «İnsan tag'diyri» dep atali'p bul bo'limde T.Qayi'pbergenovti'n' «Maman biy a'psanasi'» romani' tuwrali' so'z yetiledi. Bul roman qaraqalpaq tilinde bir neshe ma'rtebe, sonday-aq wo'zbek tilinde de baspadan shi'qti'. A'debiy si'nda bul roman jo'ninde ga' jaqsi', ga' woni' ko'rkem shi'g'arma qatari'nan shi'g'ari'p taslawdan uri'ni'wshi'li'qlar wori'n aldi'. Biraq jazi'wshi' menen bolg'an ushi'rasi'w keshelerinde paxta ati'zlari'nda ter to'gip miynet yetip ju'rgen diyqanlar arasi'nda, mektep woqi'wshi'lari' ha'm woqi'ti'wshi'lar arasi'nda woni'n' waqi'yalari' tuwrali' tarti'si'wlar dawam yetpekte. Tarti'si'wg'a sebepshi bolg'an, ja'miyetshilikke yersi ko'rilgen waqi'yalardi'n' biri: Bir ku'ni

Amanli’q quwi’rdaqshi’ni’n’ hayali’na jalbi’rani’p go’ne ko’ylegin sorap a’kelip kiyindirdi. Qara ko’zge kem-kem adam si’yhi’ yene basladi’. Tamaq ishetug’i’n boldi’. Yetine qan juwi’rdi’. So’ylemeydi, aytqandi’ yesitedi, qi’l degendi qi’ladi’. Amanli’qta yele bir maqset … Mendi bir sorli’ shi’g’ar… Sorag’an menen aytqani’ menen qayg’i’si’ to’gile me? Xesh qashan!!! Wo’zi tuwrali’ da aytpawg’a i’qrar yetti. A’lle qanday adamgershilik pe, yamasa wo’zinin’ iyt wo’mirinen quti’lg’ani’ ushi’n ba, kimge minnetdarshi’li’q sezeme, keshte Amanli’qti’ uyqi’latpay, uyqi’lamaytug’i’n boldi’. Wol uyqi’g’a ketkenshe woti’ri’p, arqa-moyni’n qasi’ydi’, ayaqlari’n uqalaydi’. Qullasi’, won yeki mu’shesine qol tiydirmegen jerin qaldi’rmas… Amanli’q bara-bara bul la’zzetli qollarg’a u’yrendi. Ha’tte jumi’si’nan qaytqansha asi’g’atug’i’n boli’p ketti. Bul i’nji’qti’n’ suwi’p ketken ju’reklerge qozg’aw saldi’. Ba’ha’r keshelerinin’ birinde Amanli’qti’n’ «A’y, pa’rwa’rdigar g’a’riypti zorlap neke buzsam keshirego’r» dep biyshara yeriksiz hayaldi’ i’ssi’ qoyni’na aldi’. Azanda… uyali’si’p, quwji’n’lasi’p halhas yetti» degen waqi’ya yedi. Bunday tuwi’sqan adamlardi’n bir to’sekte jati’p zawqi’ su’riwi tu’we, awi’llas, ruwlas adam yekenin yesitse, bilse, pu’tkil yelge qarasi’n ko’rsetpey joq bolatug’i’n adamlar ushi’n bul qansha da’rejedegi arsi’zli’q, uyatsi’zli’q! Kitap woqi’wshi’lar usi’ni’ ko’redi de yesitken bilgen turmi’s ta’jriybesi menen sali’sti’radi’ da «bul naduri’s, bunday na’rse qaraqalpaqta bolg’an yemes» dep qoli’n bir silteydi, yekinshileri ati’ qaraqalpaq xalqi’ni’n’ turmi’si’n usi’lay yetip su’wretlew arqali’ jazi’wshi’ adamlardi’n’ nami’si’na tiyip ati’r dep ko’rsetedi. Romandag’i’ ja’ne bir belgilep wo’tiwge tiyisli ma’selelerdin’ biri qaysi’ jerge barsa da quwi’s-kolti’q si’rdan’day-si’rdan’day dalan’li’q, qumli’q shi’bi’ni’ menen sonasi’ toli’. Qami’sli’q asi’ri’m-asi’ri’m qumlar, si’psi’n’-si’psi’n’ a’n’gime, birewdi yekinshisin sati’w, wo’jetlik penen danqparazli’q yen aqi’ri’nda «qorqi’tti’n’ ko’li atali’p ju’rgen xalqi’mi’zdi’n’ wo’tmishtegi ta’g’diyri menen ushi’rasasan’… Romandag’i’ waqi’yalar adamlardi’n’ ta’g’diyrleri, ruwlar arasi’ndag’i’ talas tarti’slar, belgili bir ma’kan jayli’q

xali'q si'pati'nda birigiw ruwlardi' birlestiriw ushi'n bolg'an ideyani'n' ju'zege shi'g'i'wi', woni'n' rawajlani'wi' wolardi'n' ali'p barg'an gu'reslerinin' aqi'beti, da'wirge baylani'sli' bolg'an jan'a ideyalar, konkret su'wretleniwin tappag'anda bul roman jo'ninde pikir ju'ritiw qi'yi'n bolg'an bolar yedi. Wo'zinin palapani'n jerge, jamg'a tiygizbey ayag'i'na qi'si'p din' aspanda ushi'p ju'rgen uyadan baslap uzaq-uzaqlardi' ushi'wdi' u'yretetug'i'n, reti kelse dushpani'na qarsi' ku'sh jumsay alatug'i'n dala bu'rkitin ko'rgenin'iz bar ma?! Maman biydin' ta'g'diyri usi' dala bu'rkitinin' tag'diyrine uqsas. Dala bu'rkiti taw qi'slaqlari'nda jasawdi' maqul ko'rmeydi. Wol dushpan kelse, ayri'qsha shayqasqa tu'setug'i'n ashi'q maydanda tal-ku'sh si'nasatug'i'n jigerli quslardi'n' biri. Wol, wo'limtikke u'yir bolmaydi', qarsi'lasqan dushpani'n jenship taslaydi'... Mine, woni'n' aqi'rg'i' so'zlerinin' bir: «Barli'q qoqi'm, barli'q wo'limtik sag'an si'ydi' A'miw! Ta'gdiyrin' bizge taqa'bbil, birak sen barli'g'i'n ten'izge i'si'ri'p quti'lasan', al biz? Biz ishimizge si'ydi'rami'z! Biz ten'iz, biz da'! Ga'ptin' mazmuni'n tu'sinetug'i'n adam bolsa, Maman biydin' bul so'zine itibar beriwge tiyisli. Sebebi neshe ji'llar dawami'nda adamlardi'n' wo'mirinen ta'jriybe toplag'an ruwlar arasi'ndag'i' birlikti boldi'ri'w ushi'n ne ha'diyselerdi basi'nan keshirgen, atasi' Worazan bati'rdi'n' ko'z aldi'nda gellesi ali'ni'wi'na ko'ngen keleshekke u'lken u'mitler qoyi'p jasag'an, ruwi'ni'n' ma'pinen ko're, barli'q qaraqalpaq xalqi'ni'n' ma'pin arti'q ko'rgen adam Maman biydin' usi'nday so'zlerin ku'ter yedi. Bunday adamlardan usi'nday so'zler shi'g'adi'. Ha', qaraqalpaq xalqi'ni'n' wo'tmishtegi ta'g'diyri barli'k qoqi'm menen wo'limtikti juti'p ha'm wo'zine jaylasti'ri'p si'rtqa shi'g'armaytug'i'n, tislenip wo'lip ketsede, ti'si'na shi'g'armaytug'i'n Araldi'n' aydi'ni'na uqsaydi'. Xalqi'mi'zdi'n' wo'tmishindegi ta'g'diyri mine usi'nday yedi. Maman biy xalqi'ni'n' keleshegi ushi'n qanday jawi'zli'qlar wo'zine do'netug'i'ni'na qaramastan, ruwlar arasi'ndag'i' tarti'si'wlardi'n aqi'beti nege ali'p keliwine ko'zi jetpesten, barli'q awi'rmanshi'li'qti' wo'zinin' moyni'na ali'p, G'ayi'p

qanni'n' qoyg'an qarawi'llari'n baylap, sol na'rseni ba'ne yetip, u'lken jazani' bir adamni'n' moyni'na awdari'p qoya qalati'g'i'n qalatug'i'n adamlar arasi'ndag'i' sharayatta bunnan basqa jolg'a ju'riwdi qalemeydi, wo'zinin' basi'na qansha awi'r isler tu'ssede ha'mmesine qayi'l, biraq xalqi'na keleshek a'wlatlari'na turmi'sta jasawdi'n' bir aydi'n joli'n, tuwi'sqanli'q qatnasti'n' ma'rdana joli'n baslawdi' maqul ko'redi. Soni'n ushi'n wol ha'mmesine qayi'l. Wo'zi usi' jolda wo'lip ketsede, ruwlar arasi'ndag'i' ala-awi'zli'qti' boldi'rmawdi'n' tu'yini bolg'an, qolg'a tu'sken rus bendelerin bosatadi'. Mine aqi'beti: «Maman menen Amanli'q yemenge baylang'an, iyin tiresip turi'pti'. Wolar qansha si'r bermeymiz» degeni menen, sharshag'anli'qtan baslari'n ko'tere almaydi', to'men iyilip kete beredi. Mamanni'n' beti qan. Kiyimleri tilkim-tilkim. Amanli'qti'n' betinde qan joq biraq isken. Allayar wolardi' tani'madi' «Maman usi'nday jawi'zli'qti'n' taslari' birinen son' biri wo'zine i'laqti'ri'latug'i'ni'n biletug'i'n yedi. Sonda da wol usi' azapqa ko'ndi. Ko'nbewge ila'jida joq yedi. Qaraqalpaq xalqi'ni'n' wo'tmishtegi turmi'si' shegi joq ten'iz wortasi'na ketken qayi'qqa megzeydi. Bul qayi'qti'n yesabi'n tawi'p jag'ag'a shi'g'a ma, woni'n' menen bazi' adamlardi'n' jumi'si' joq. Tek Maman biy ha'm woni'n' a'tirapi'ndag'i' wog'an ta'biya adamlar g'ana buni' woylaydi', wolardi'n' da ayri'mlari' qarni' toysa hesh na'rseni woylamaytug'i'n adamlar. Mamanni'n' jan'a wo'mirge taslang'an' jan'a qa'demleri bir ruwdi'n' yaki bir awi'ldi'n' ari' ushi'n taslanbaydi'. Wol barli'q waqi'tta won to'rt ruwdan, yeki ari'stan bolg'an mu'mkinshiligin tapsa, bir birin jayi'nday juti'p jiberiwge tayi'n turg'an ruwlardi' birlestiriw ushi'n taslanadi'. Ma'selen: Jalayi'rlardi'n' mallari'n yeki belgisiz yeki uri'ni'n' aydap barati'rg'an jerinen ali'p qaladi', qon'si' woti'rg'an qari'm qatnas Ayg'arabiydin' awi'li'na bari'p woni'n menen da dosli'qti' a'dewir da'rejede bekkemleydi, wo'zi talay ma'rtebe kewil sandi'g'i'n ashi'p Ayg'ara biydin' qi'zi' Aqbiydaydi' jaqsi' ko'retug'i'nli'g'i'n bildirse de woni' Amanli'qqa ali'p beriwdi Murat shayi'qtan wo'tinish yetedi, bul isti

ba’rjay keltiredi. Qasi’na qi’ri’q segiz piltaban yeritip Amanli’q penen birge Wor qorg’ani’n sali’w ushi’n baradi’. Biraq ga’p basqa jaqta, ma’selen, jan’a g’ana dawdi’ ja’njeldi basti’m degende birinin’ arti’nan biri suwi’ri’li’p shi’g’a beredi. Mine, Jandos biydin’ so’zi: «Aytti’m, jolda duri’s aytti’m, wo’zinin’ A’jigeldi, Xojageldi, Sultangeldi degen u’sh uli’mdi’ qatarg’a qosi’w ushi’n aytpadi’m. Qon’i’rat ushi’n aytti’m. Dushpan tiri qaldi’. Yendi ya sol Maman wo’ledi yamasa Yesengeldi wo’ledi. Usi’nnan Yesengeldini wo’ltirse, Qon’i’ratti’n’ qalg’an balasi’ni’n’ ayag’i’na yabi’lar jip woynatadi’. Sati’p jiberedi, bilin’, bilin’». Romanni’n’ belgilep wo’tetug’i’n ja’ne bir ha’diyselerinin’ biri haqqi’nda ilimpaz bi’lay deydi:

«Mamanni’n’ G’ayi’p penen Abi’lqayi’rqanni’n’ aldi’ndag’i’ tapqi’rli’g’i’, danali’g’i’ boli’p tabi’ladi’». Shi’nda da Maman barli’q qi’yi’nshi’li’qlarg’a ko’nedi. Sebebi a’kesi bas boli’p ketken joqarg’i’ qaraqalpaqlardan hesh qanday ja’rdemde joq. Soni’n’ ushi’n da wol qi’zg’anshaqli’qtan xanasi’na si’ymay ju’rgen Jandosbaydi’ wo’ltiredi. Keyin Iri’squlbiyge bas boli’p gu’lli Qon’i’rat ruwlari’ni’n’ jaw jaraqli’ atqa minerlerin yeritip, yarlardi’n’ u’stinen at woynati’p keledi. Wolardi’n birden bir maqseti, qan ushi’n qan ali’w yedi. Ayri’m biyler, ma’rtlikke satqi’nli’q menen, si’payi’li’qqa jo’nsizlik penen, alg’i’rg’a tog’anaq shali’w menen, ju’yrikti muqalti’w menen juwap beriwge u’yrengen. Bul sonsha ji’llar ko’ship qoni’p ju’rgeninin’ sebebinen bolsa kerek. Biraq usi’lardi’n’ sheshimin ma’rtlikti na’ma’rtlik penen juwap beriw Worazan bati’r arqali’ ma’lim boladi’. Soni’n’ ushi’n keshe g’ana bir to’sekte woti’ri’p, bir tabaqtan as ishken adamlardi’n’ bu’gin dize bu’kpes jaw bolatug’i’ni’na kimnin’ ko’zi jetken? Bir-birinen qaytpaydi’, birin biri ti’n’lamaydi’, Murat shayi’q adamni’n’ bawi’ri’ yezilgendey so’zler menen yeritip jibersede, Iri’squl biyler jibisiw bi’lay tursi’n, a’welgisinen ho’kterek juwap qaytaradi’. Ata wo’limin ko’z aldi’nda ko’riwdin’ qanday azabi’ bar!... Adamni’n’ kewlin suwi’ti’p, dasti’qtan ketse bir basqa, jalg’i’z Jandosbaydi’n’ wo’limi ushi’n yemes, pu’tkil yeki ruw arasi’ndag’i’ ala

awi’zli’qti’n’ qurbani’ bolg’an Worazan bati’rdi’n’ wo’limi Mamanni’n’ basi’nan keshiriliwi ruwlar arasi’ndag’i’ giltin tawi’p beriwge sebepshi boldi’. Sebep Worazan bati’rdi’n’ wo’zi tilek etip basi’n qanji’lag’i’ baylawi’ ruwlardi’n’ qulawg’a meyil ali’p xali’qti’n jemirilip barati’rg’anli’g’i’n ko’rsetiwshi boli’p tabi’ladi’. Soni’n’ ushi’n aqi’rg’i’ so’zlerinin’ biri «Wori’slarg’a arqa su’yew-tawg’a arqa su’yew menen, tastan’ qorg’an sali’w menen barabar» degen na’siyati’ ruwli’q qari’m-qatnaslardag’i’ jaman da’stu’r menen a’detlerdi sonday-aq jaman keyipler menen mi’ndi’ri’wdi’n’ tragediyasi’ ha’m ila’jlari’ yedi. Ushqi’n tiyse ali’satug’i’n ruwlar arasi’ndag’i’ tarti’s, Woni’n’ u’stine ju’wen tarti’p belgili bir pikirge keletug’i’n aqi’lli’ bir adamlardi’n’ joqli’g’i’na isengen Maman biydin’ qaraqalpaq xalqi’ni’n’ su’yenetug’i’n tawi’n izlep ketiwi yeldin’ ishindegi alg’aw-dalg’aw wo’mir, ten’selisken yesersoqlar sonday-aq G’ayi’pqanni’n’ jurtqa pa’zine basi’p ruwlardi’ talasti’rmasa xali’qqa iyelik yete almaytug’i’ni’ wolardi’n’ ha’mmesi qaraqalpaq xalqi’n u’stine u’lken bir topalandi’ ali’p keliwge sebepker bolatug’i’n yedi. Bul tolan mu’mkinshiligi bolg’ansha ha’r ta’repleme adamni’n’ wo’miri wo’tpes tan’i’ ashi’lmas dumang’a aylani’wi’ gu’mansi’z yedi. Haqi’yqati’nda da solay boldi’. Atpas tan’, ashi’lmas duman, si’rtqi’ feodallardi’n’ timiskeleniwinen yemes ishki qaraqalpaq xalqi’ni’n’ ishindegi ha’diyseler menen de tikkeley baylani’sti’ ju’zege ji’g’ardi’. Mine Qon’i’ratti’n’ biyi Iri’squldi’n’ u’yine kelip tu’sken yeki atli’ wog’an tezrek jol bolsi’n sorati’wdi’ wo’tinish yetedi. Biraq wog’an na’ilaj ko’nip woti’rg’an biy bu’gin yemes yerten’ soraytug’i’nli’g’i’n ma’lim yetedi. Sebebi Iri’squl biy ko’p-ko’p qan to’gispelerden ruwlar arasi’ndag’i’ daw menen ja’njellerdin’ talay talayi’n ko’rgenlerdin’ biri. Soni’n’ ushi’n wol qi’zari’p batqan quyashti’ ko’rsede, qi’zari’p turg’an jali’ndi’ ko’rsede, qi’zari’p turg’an boyawg’a ko’zi tu’ssede wolardi’n’ ha’mmesinen betin buri’p wo’tiwdi, wolardi’n’ ha’mmesinen waz keshiwdi woylaytugi’n adamlardi’n’ biri yedi. Soni’n’ ushi’n Iri’squl biydin’ usi’ waqi’tta kewlinen wo’tip ati’rg’an

psixologiyali’q wo’zgerislerdi bi’lay beriwge yerisedi: «Iri’squl biy uli’ To’requl menen bo’lek u’yde jati’r yedi. Woni’n’ qatti’ uyqi’g’a pi’ri’ldap ati’rg’ani’ u’stine keledi. Miymanlardi’n’ ishi du’dlikke aylang’an biy biyg’am uli’ni’n’ quri’ jekke ko’rgenligi sonshelli. İlayi’m usi’nnan turmag’aysan dedi si’bi’rlani’p. Wol qansha sharshap azaplar menen kelsede uli’n hesh g’arg’amas yedi. Jolda jatqan wo’lipseden keyin ko’rmey ma’sili ayag’i’ menen basi’n bir tepti. To’requl sezbedi, basi’n si’ypadi’ da awnap jataberdi. Iri’squl biy ko’rpege kirdi lekin uyhlay almadi’. Neshe a’lwan woylar, neshe a’lwan g’alma-g’anli’q ku’nler si’rli’ jumbaqlar ko’z aldi’na yelesiledi. Dawi’s shi’g’ari’p ji’lamadi’. Wonnan basqasi’ni’n’ ba’ri boldi’ basi’nda». Bul jerde mi’sali’ni’ ko’plew alg’anli’g’i’ haqqi’nda ilimpaz ko’birek to’mendegishe tu’sindiredi. Sebebi usi’nnan baslap qaraqalpaq xalqi’ni’n’ woti’ri’qshi’li’qqa aylani’wi’, Xiywa xani’ menen Qon’i’rat Yesengeldi ma’hrem jane de qaraqalpaq xalqi’ni’n’ ishki siyyasi’y ja’miyetlik dizimdegi wo’zgerislerdi u’rp-a’det da’stu’rlerdegi yele jasi’rni’p jatqan ag’i’slardi’ bes sawsaqtay yetip ko’zge ko’rsetip beriwdi a’melge asi’radi’. «Bu’lgen yel qaraqalpaq boldi’, Qi’ri’lsada urpaq boldi’» (Berdaq) degenindey bu’lingenide shashi’rap ha’r jaqqa ko’shkenide wo’zinin’ ruwli’q xali’qli’q belgilerin saqlap qalg’anlari’ da qi’ri’li’wdi’n’ u’stine qi’ri’li’wg’a ushi’rag’ani’da wo’mirinshe jari’qqa azatli’q ushi’n qol sozg’ani’ da usi’ A’miwda’ryani’n’ ayag’i’nda jaylasqan qaraqalpaqlar yedi. Qarqalpaq bara-bara saq bolmasi’nan buri’n bir ilajin islew kerek wol Mamanbiydin’ ju’da’ duri’s islegenindey jesir tul bolsan’ da’rriw yer adamg’a asi’li’p shan’araq quri’w yedi. Bala-shag’ani’ ko’beytiw kerek degen pikir yedi. Soni’n’ ushi’n ha’mme jesir qati’nlardi’ yerge ji’g’aradi’. Shi’qpag’ani’n torang’i’ldan islengen darg’a asti’radi’. Qalg’ani’na qi’ri’q du’rreden urg’i’zi’p biyma’lim biyg’a’rez shan’arak yetip jiberedi. Bul na’rse yessizdin’ yesin ji’ynawg’a, aqi’lsi’zdi’n’ aqi’lli’ boli’wi’na jarti’mashti’n’ pu’tin boli’wi’na, jetimnin’ u’y boli’wi’na, awzi’ ashi’qti’n’ duri’s boli’wi’na sebepker bolatug’i’n jag’daylardi’ tayarlap

beredi. Bul qaraqalpaq xalqi’ni’n’ keleshegi ushi’n yertengi ku’n ushi’n islenip ati’rg’an ilajlar yedi. Yekinshiden ja’ne bir ayti’latug’i’n na’rse XVIII a’sirdin’ yekinshi yari’mi’nan baslap A’miwda’ryani’n’ quyyar jerine ko’ship jaylasqan adamlardi’n’ jeti jasar balasi’nan tarti’p, jetpis jasar g’arri’si’na shekem ma’rtliktin’ ta’g’diyrin wo’zi jasap ali’wshi’lardi’n’ taypasi’na kiretug’i’n adamlar bolg’an. Wolar usi’nday qi’yi’nshi’li’qlardi’ trogediyalardi’ ko’riwine qaramastan mudami’ adamlar menen jasaytug’i’n birge wo’mir su’retug’i’n adamlar yedi. Soni’n’ menen birge roman qaytpa joyi’lmas xarakterlerdi jarati’w jag’i’nan, xalqi’mi’zdi’n’ wotli’ ushqi’nlari’n, za’ha’rli wo’mirlerdi ashi’p beriwi jag’i’nan, basqa romanlardan pu’tkilley ajrali’p turadi’, deydi ilimpaz. Wo’mir dramatizmi romani’n’ tiykarg’i’ si’patli’ belgilerinin’ biri yedi. Soni’n’ ushi’n jazi’wshi’ diologlarg’a ko’p itibar beredi. Bul sonday u’lken waqi’yani’ su’wretlewi mu’mkinshiligi az boli’wi’na qaramastan sol u’lken bir tariyxi’y da’wirdin’ turmi’si’n su’wretlew ushi’n jazi’wshi’ woni’ ustali’q penen paydalana alg’an, bul ha’mmenin’ qoli’nan kelebermeydi. A’lbette, izleniwshiliktin’ na’tiyjesinde ju’zege kelgen.

Miynettin’ keyingi bo’limi «Ja’lllatlar woyi’ni’» dep atali’p bunda T.Qayi’pbergenovti’n «Baxi’tsi’zlar» romani’ jo’ninde pikir ju’ritiledi. Aldi’n buri’n romanni’n’ ati’ yag’ni’y temasi’ jo’ninde toqtap wo’tedi. Bazi’ bir a’debiyatshi’lar basqasharaq at qoyi’li’wi’ kerek yedi degen pikirdi aytsa, bazi’ a’debiyatshi’lari’mi’z romanni’n’ temasi’ jaqsi’ qoyi’lg’anli’g’i’n moyi’nlaydi’. Sebebi romandag’i’ Aydos, To’remurat Suwpi’, Begis, Mi’rji’q, Qabi’llardi’ ko’rkem shi’g’armalardi’ tallaw jasag’anda ayti’la-ayti’la shag’i’li’p ketken terminler (Unamli’, bas, ideal, unamsi’z) Qaharman menen atawg’a bolmaydi’. Wolar belgili bir da’wirdin’ ja’miyetlik turmi’si’n ashi’p beredi. Wolar baxi’tli’ adamlar yemes. Wolar baxi’tti’n’ ne yekenin tu’sinbegen, tu’singen wag’i’nda da birde won’i’nda ju’rgen, tu’sinbegen wag’i’nda birde shebine ju’rgen adamlar boli’p tabi’ladi’. Soni’n’ ushi’n qoyi’lg’an atti’n’ hesh qanday zi’yyani’ joq.

Qayta romandag’i’ qi’zi’qti’ri’wshi’ jag’daylardi’n’ biri wog’an qoyi’lg’an at boli’p woti’r.

Yekinshiden bul romanlar qi’zg’i’n temperamentte jazi’lg’an qaxarmanlardi’n’ so’zleri bolsi’n, wolardag’i’ ayri’m so’zlerge berilgen pa’tler, so’z birikpelerinin’ da’wir menen boli’p ati’rg’an waqi’yalar menen baylani’si’ konkret saqlang’an, bul jag’i’ ayri’ksha bahali’.

U’shinshiden romanda astarli’ qollani’lg’an so’zler ju’da’ ko’p wori’n aladi’. Buni’n’ ma’nisi xalqi’mi’z so’zlerdi qollani’wg’a ju’da’ usta, sheber bolg’an astarli’ ma’nidegi sonday-aq ushi’rma so’zlerdi tapqi’rli’q penen danali’qti’ qay qali’q penen sali’sti’rg’anda da wonnan qali’spag’an. Soni’n’ ushi’n romandag’i’ waqi’yalardi’ su’wretlewde qollani’lg’an ha’r bir qaxarmanni’n’ woylari’n si’rtqa shi’g’aratug’i’n bunday astarli’ ma’nidegi so’zlerdi qollani’w tiykarg’i’ princip boli’p qalg’an. Yendi romanni’n’ waqi’yalari’na keleyik, g’a’ptin’ wo’zi sol baxi’tsi’zli’qtan baslanadi’ «Dospan baxi’tsi’z degen so’zdi talay yesitip ju’rsede wo’zine tiyisli yemestey sezetug’i’n yedi… Padasi’n toplap awi’ldan shi’g’i’p barati’rg’anda da bul so’zinen yesinen shi’qpadi’. Tiline yerk bergen ruwlarg’a bir na’rse dep juwap qaytarmag’ani’na pu’shayman qi’li’p barmag’i’n tislew menen arti’na buri’lg’an yedi. Wolar qami’s qoralari’ menen i’lashi’qlardi’n’ tasasi’nan ko’zi shali’nbadi’» Mine bul romanni’n’ prologi yaki kirispesi si’pati’nda ko’zge tu’sedi. Usi’ na’rse ko’p ha’diyselerdin’ betin ashi’wg’a sebepshi boladi’. Hosh, baxi’tsi’zlar kimler? Romanda usi’ baxi’tsi’zli’qqa ali’p barati’rg’an joldi’n’ ha’r qi’yli’ soqpaqlari’ menen qi’yamaylari’, irgeli kiyilli jollari’, uyi’tkuli’ menen toytari’slari’ su’wretlenedi. Bul yen’ aldi’ buri’n Aydos biy arqali’ ashi’li’p bari’ladi’.

Aydos biy- qaraqalpaqlar A’miwda’ryani’n’ qi’ya jerine koship kelgennen keyin ulli’ Mamanbiydin’ ko’rsetpesi menen Xiywada woqi’p ta’lim alg’an adamlardi’n’ biri wo’z waqti’nda biylikti, wo’z waqi’tnda Xiywa xani’ni’n’ isenimin jen’ip alg’an yedi. Woni’n’ woylag’ani’, maqseti

«Basshi' ko'p so'ylemese, ishi toli' si'rli' sandi'qqa uqsaydi', ha'mmenin' ashqi'si' keledi, ashti'rmasan' abi'rayli' a'piwayi'li'qta sezedi». Tap usi'ni' ken'eske a'mel qi'lg'ani' sebepli me? Wonda bulji'mas bir minez qa'liplesti. Ko'p so'ylemeydi. Qatlam qatlam si'r jati'rg'anli'g'i'n wo'zgeler tu'we tuwi'sqan inileride, atqosshi'si' Aliyge sezdirmeydi'. Usi' principti qa'dirlegen Aydos wo'zinin' ta'lim alg'an Xiywag'a ha'm xang'a ne bar bolsa ba'rin aqtari'p (bul ha'diyse qaraqalpaq xalqi'na sonday Aydosqada ta'n qa'siyetlerdin' biri) qaraqalpaq xalqi' arasi'nan sali'q wo'nidiriw ushi'n ali'p baradi'. A'lbette sali'qti'n' tu'rleri ko'p. Wolardi'n' ha'mmesi Xiywa xani'ni'n' g'a'ziynesine baradi'. Romandag'i' bas ma'selelerdin' biri u'sh tuwi'sqanlardi'n' bir birinen ayra tu'siwi yedi. Woni' To'remurat Suwpi' menen Mi'rji'qti'n' qayi'n atasi' Yesengeldi ju'da' bejeredi. Sebebi wolarda Xiywa xani'na qarsi' wolarda wo'z aldi'na adamlar xannan kelgen sali'qti' to'lewden bas tartadi'. A'tirapi'ndag'i' adamlarg'ada to'letpeydi. Wolarda a'sker ji'ynap Xiywa xanli'g'i'nan bo'linip shi'g'i'wdi' go'zleydi. Al, Aydos bolsa, xanni'n' ja'rdemin ali'p boli'p, sali'qlardi' da to'lep keyin Xiywani'n' ja'rdemi menen Qaraqalpaq xanli'g'i'n quruw ushi'n gu'res ali'p baratug'i'n adamlardi'n' biri. Soni'n' ushi'n' du'nyada danq ushi'n jasap ati'rg'an maqluq tek adam. Bazi'lar azg'antay danq ushi'n tash jaylawg'a, teri juti'wg'a qayi'l. Xiywani'n' xani'da Aydos, Begis penen Mi'rji'qta qartayg'an. Yesengeldi mine usi'ni'n' ta'reptari'. Usi'nday ma'rtebe, danq ushi'n bolg'an gu'restin' a'sti'rti'n shi'ni'g'i'wlari' bi'lay ali'p bari'ladi'. Aydos ja'ne woy ten'izine shu'mdi. Wol ilgeri ji'llari' Xiywadan kiyati'rg'anda Qon'i'rat ha'kimi joli'n tosi'p, mag'an ja'rdem yet, Qon'i'rat xanli'g'i'n du'zemen degende Aydos «Attan tu'sip yeshekke mingennen piyadashi'li'g'i'm arti'q» dep ketken yedi. Muxammed Raxim xanni'n' shabarmani' dep kelgen bir xi'ywali'na Aydos Mi'rji'qti'n' u'yine qonaqqa jiberedi. Qonaq penen birge Qabi'l biy ha'm Aliy ketedi, biraq xali'qti'n' woti'rg'an dasturxani'n patasalag'an qonaqti' Mi'rji'qti'n' hayali' Qumar wo'ltiredi. Wo'lgende de masqarasi'n shi'g'ari'p wo'ltiredi.

Mine, usi’nday ha’diyselerge ayi’ri’m biylerdin’ insan ta’g’dirin qanday da’rejede tu’sinetug’i’nli’g’i’n, nami’sti’n’ ma’nisin ashi’p beredi. Mi’sali’, Qabi’l biy bul jo’ninde biyma’lel puxta adam si’pati’nda ko’rinedi. Sonday-aq qonaqti’n’ wo’limi ag’ayinli u’sh tuwi’sqan arasi’ndag’i’ bo’liniwshilik ha’diyselerin keskinlestirip jiberedi.

Yeziwshilik ha’mme xali’qti’n’ turmi’si’nda bolg’an shi’g’ar. Biraq, qaraqalpaq xalqi’ni’n’ turmi’si’ndag’i’day ha’r bir xali’qti’n’ turmi’si’nda iz qaldi’rg’an yemes. Mi’sali’, Berdaqti’n’ «Aydos biy» poemasi’nda bolg’an yeki inisin wo’ltirip, gellesin ali’p kelsen’ xanli’q beremen degen so’zge ina’ni’p, bir to’benin’, basi’nda yeki inisinin’ gellesin qag’i’p aladi’. Soni’ ali’p, Xiywag’a barsa, xanli’q tu’we qasi’na iyt qosi’p jiberedi. Bunday haqi’yqatlar romanda da wo’z sa’wleleniwin tapqan. Yeziwshilik degennin’ wo’zi ha’r bir xali’qti’n’ turmi’si’nda da usi’nday ha’diyselerge ali’p keletug’i’n bolsa, wonda jasawdi’n’ mazmuni’ pu’tkilley wo’zgerip ketken bolar yedi. Usi’nday yeziwshilikke shi’dag’an aqi’betinde toztozi’ shi’g’i’wg’a qarag’an tek g’ana qaraqalpaq xalqi’ boli’p tabi’ladi’. Berdaqti’n’ «Aydos biy» poemasi’ndag’i’ waqi’yalardi’n su’wretleniwine qarag’anda roman menen poema arasi’nda qaramaqarsi’ keletug’i’n waqi’yalardi’n’ su’wretleniwi wori’n almaydi’. Qayta birin-bir toli’qti’ratug’i’n, yeger Berdaq wo’zi jasag’an da’wirdin’ turmi’si’na tiyisli ko’zqaras penen Aydos waqi’yasi’n bahalag’an bolsa, T.Qayi’pbergenovti’n’ ha’zirgi da’wirdin’ ko’z-qarasi’ menen su’wretleydi. Uri’wli’q qari’m qatnaslardi’n’ adamlardi’n’ turmi’si’na qansha da’rejede awi’r ta’sir yetkenligin qaralawdi’ maqset yetip qoyadi’. Bul jay na’rse yemes, bul do’retiwshilik jalqawli’qtan kelip shi’qqan na’rse yemes, bul shi’g’arma ushi’n roman ushi’n degen principlerden kelip shi’qqan, al ha’zirgi da’wirdin’ turmi’si’ndag’i’ woni’n’ rawajlani’wi’n irkinishli berip ati’rg’an yeskiliktin’ sarqi’tlari’n qatti’ qaralaw arqali’ do’retilgen shi’g’arma boli’p tabi’ladi’.

Aydos arqali' su'wretlengen barli'q waqi'yalar usi'ni' da'lilleydi. Aydos qaraqalpaq degen atti' ko'zdin' qarashi'g'i'nday saqlawshi'lardi'n' biri. Wol Xiywa xani'ni'n' ja'rdemi menen sol xali'qti'n' ati'n shi'g'armaqshi'. Al Begis bolsa Qon'i'rat ha'qimi menen birge qosi'li'p ali'p wo'zinin' ati'n, wo'zinin' danqi'n shi'g'armaqshi' bolg'an adamlardi'n' biri. Sonli'qtan bular yekewin bir-biri menen sali'sti'ri'p qarag'anda, Aydosti'n' tutqan poziciyasi'ni'n' anag'urli'm joqari' yekenligin ko'riw qi'yi'n yemes. Soni'n' ushi'n Begistin' wo'limine wonsha ashi'ni'wg'a bolmaydi'. Sebebi wol tuwi'sqandi' tuwi'sqan si'pati'nda tani'maytug'i'n, woni'n' qa'dir qi'mbati'n bilmeytug'i'n adam boli'p yesaplanadi'. Ayi'ri'm pikirlerde Begisti Aydosti'n' wo'tirgenligine ju'da ashi'ni'p qaraydi'. Berdaqti'n' shi'g'amalari'n mi'sal keltiredi. Yeger Berdaqti'n' shi'g'armalari'na teren' baha berip qaralsa, wonda Berdaqti'n' Begis penen Aydos arasi'ndag'i' waqi'yalardi' ju'da' duri's bahalag'ani'n ko'riw qi'yi'n yemes. Woni'n' shi'g'armalari'nda «Jaman bolsa tuwi'sqani'n', ku'yip pisip shi'g'ar jani'n'» degen qatarlari'da bar. Bul qatarlar shayi'r tvorchestvosi'nda tosi'nnan payda bolg'an qatarlar yemes. Al usi'nday jaman tuwi'sqannan ku'ygen sebepli kelip shi'qqan qatarlar boli'p tabi'ladi'. Mine, jaman tuwi'sqang'an aytqan Aydosti'n' so'zi: «Tu'sin bawi'ri'm, Tu'sin. Xanni'n' shi'damsi'z a'sker basshi'si' shi'vi'ji'n'lap ku'yip pisip turg'an shi'g'ar! Mi'naw jaraqsi'z alaman qi'ri'lmasi'n. Yerten' bul xali'q kerek. To'remurat Sulpi'g'a kerek bolmasa, qaraqalpaq xanli'g'i'na kerek, mag'an kerek! Nege so'ylemeysen'? Ha'zir ha'r dem bir, bir neshe wo'mirin'e ten'. So'yle, so'yle deymen. Yeshek aqi'rg'anda bu'lbildin' sayramaytug'i'ni'n bilmeysen'ba? Qani' qi'zi'p turg'an Aydos za'n'gisine shirene berip, won' qoli'na tutqan qi'li'sh penen Begistin' ko'k jelkesine qoyi'p saldi'. Woni'n' bu'ytetug'i'ni'n yesine kelmegen Begis «Ha' satqi'n…» dep-aq u'lgeredi, bolg'ani'. Gellesi aldi'na yen'kerilip. Terisine ilinip salbi'rawi' menen bi'raz qa'dem bardi' da, ati' bir na'rseden setemlenip buri'lg'an gezde, gewdesi jerge si'lq

yetti. A’ne jaman tuwi’sqanni’n’ sazayi’.» A’ne ga’p, a’ne so’z. Adam wo’zligine jaman boli’wi’ mu’mkin yemes, jani’n jep jaman boladi’, jani’n jep usi’nday ha’diyselerge dus boladi’. Yeger Aydosti’n’ joqari’dag’i’ so’zlerine itibar berip qarag’anda tuwi’sqani’ Begistin qanshadan-qansha boli’wi’na qaramastan wol woni’ wo’limge qi’ymaydi’, jali’nadi’ da, soraydi’ da. Biraq wolardi’n’ ha’mmesi samalg’a ushi’p ketedi. Aydos xarakterinde qaraqalpaq xalqi’na ta’n bolg’an aldani’wshi’li’q, an’qi’ldaqli’q ja’mlesken. Wol wo’zinin’ bar aqi’li’n, woyi’n Xiywa xanli’g’i’na qaratqan. Xiywa xanli’g’i’ wog’an ha’m xalqi’na ma’rtebeni ali’p beredi. Yessiz g’ana qaraqalpaqlar. Xiywa xani’ baxi’t penen ma’rtebeni ali’p beredi dep woylag’an Aydosti’n’da usi’ jerden baslap quyyashi’ qaran’g’i’g’a aylanadi’. Tuwi’sqanni’n’ wo’limin wo’lim yemes, wol uli’wma xali’qti’n’ trogediyag’a ushi’rawi’ bul ju’da’ qi’yi’n jag’day boli’p tabi’ladi’. Wol Mi’rji’qti’n’ awi’li’ni’n’ a’psheri arqali’ beriledi. Su’dini tayg’an i’lashi’qlar buzi’li’p ati’rg’an qami’s qoslar, tu’n tusi’na talang’an awi’llar, qi’p-qi’zi’l bawshi’wlar, jez shiyler, ji’llardi’n’ shamali’na ashshi’ quyashti’n’ nuri’na to’tepki bere almawi’. Sonli’qtan Mi’rji’qti’n’ balasi’na (Yernazarg’a) aytqan mi’na so’zlerin yeske tu’sirip wo’tken duri’s boladi’.

«-Balam ku’ta’ qi’zi’q du’nyag’a keldin’… Jumbaqli’, si’rli’ du’nyag’a keldin’, kim bolar yekensen’». Bul ju’da’ wori’nli’ berilgen soraw. Sebebi bir xali’qti’n’ ishindegi ala-awi’zli’qtan paydalani’p, woni’n’ ishki ha’m si’rtqi’ turmi’si’na qarsi’ ali’p bari’lg’an gu’restin’ biri yeliw ji’ldan aslamraq waqi’tqa sozi’li’wi’, bir u’ydin’, bir awi’ldi’n’ wotqa shali’ni’wi’ menen ti’mbas yedi. Soni’n’ ushi’n qaraqalpaq xalqi’ni’n ishki turmi’si’ ju’da’ qi’zi’q, jumbaqli’ si’rli’ boli’p keledi. Tuwi’sqan menen tuwi’sqandi’ azg’i’ri’wg’a sheber xali’qti’n’ ishi turmi’si’nda bulardan ti’sqari’ ja’ne qanday ma’seleler qu’tip tur. Woni’n’ usi’ trilogiyani’n’ u’shinshi kitabi’ arqali’ ko’riw mu’mkin, soni’n’ ushi’n Mi’rji’q balasi’na balasi’n «Kim bolar yekensen?» degen sorawdi’ qoyadi’. Bul wo’z aldi’na

so’z yetetug’i’n ga’p deydi ilimpaz. Romandag’i’ wo’z xalqi’ni’n’ azatli’g’i’ ha’m g’a’rezsizligi ushi’n ali’p bari’lg’an gu’reste Aydosti’n’ ma’rtligi ha’m qaharmanli’g’i’na hayran qalasan’. Sebebi Begisti wo’ltirgennen keyin bir neshe ku’nge shekem u’yinde lal boli’p jati’. Wol inisi Begisti wo’ltirgende de usi’ yerkinlikti azatli’qti’ qolg’a kiritemen dep wo’ltiredi. Soni’n’ ushi’n Aydosta qaraqalpak xalqi’ni’n’ ha’lsizligi de, shi’damli’li’g’i’ da, qaharmanli’li’g’i’ da ja’mlesken. Bul jag’day Aydos penen Mi’rji’q arasi’ndag’i’ diologta duri’s berilgen. Tuwi’sqanlar arasi’ndag’i’ wo’tkir dramatizmde Xiywa xani’ni’n’ a’sker basshi’si’ bolg’an Muxxamedjan bekte shi’dam bere almaydi’. Wol tuwi’sqanlar arasi’ndag’i’ bunday ha’diyseni ko’riw maqsetinde shati’rg’a kirip ketedi. Aydos tariyxi’y adamlar arasi’ndag’i’ jan’a tiptegi qaharman. Woni’n’ xarakterinde qarama-qarsi’li’qlarda, yekileniwshilikte, bir betkeyliligi menen jo’nkiligide toli’g’i’ menen ashi’lg’an. Soni’n’ ushi’n bul romanlar qaraqalpaq a’debiyati’ni’n’ yen u’lken tabi’si’ boli’p tabi’ladi’. Aydos inisi Mi’rji’qti’ shi’g’ari’p jolg’a saladi’, woni’n’ menen jay paraxat so’ylesedi, woni’n’ wori’s patshali’g’i’n baratug’i’ni’n qollap quwatlaydi’, haq jol tileydi. Biraq, Mi’rji’qti’ quzg’i’nlar, shug’i’nlar aldasti’ri’p wo’zine qaratadi’. Woni’n’ aldi’nan Aytmurat qi’zi’l bet bir topar a’sker menen shi’g’adi’. Atadan bir tuwi’lg’an Mi’rji’qta wolarg’a qosi’ladi’. Tamashani’ yendi ko’resiz!... İytte iyesin, pi’shi’q biykesin tani’maytug’i’n uri’sta Aydos Mi’rji’qti’da wo’ltiredi. Uri’sta tamam boladi’. Barli’q ku’sh jen’is Aydos ta’repte qaladi’. Biraq wol yel birligi dep tuwi’sqan tuwg’ani’nan ayri’ldi’. Woni’ tek Aydosti’n’ wo’zinin’ so’zi arqali’ tu’siniw mu’mkin: «Ne qi’li’p qoydi’n’ Aydos?... Yessiz boldi’n’! Piteni qoyi’p gu’belekti, shi’mshi’qti’ qoyi’p qarli’g’ashti’ wo’ltirdin’. Suwg’a ji’g’i’lsan’ asi’latug’i’n shaqani’n’ wo’zin shapti’n’. Tami’ri’nan buratala qulatti’n’, bir jag’i’n suw, bir jag’i’ wot 0kenin bilmey wo’z ayag’i’n’ni’n’ asti’n wo’zin’ degish aldi’rdi’n’. Wo’z to’beshegin’e wo’zin’ wot berdin’. Qaharmanli’q ta, shi’damli’li’q ta usi’nday shug’i’lli’qti’n’ aldi’nda

bu’klenip qalatug’i’n yeken, aqi’lli’ basti’ aki’lsi’zg’a aylandi’rar yeken, da’wirdin’ shamali’ adamlardi’ usi’nday tag’diyrge ushi’ratar yeken… Yessiz g’ana qaraqalpaq xalqi’ni’n’ tariyxi’! Wol ku’nlerdi wo’zinin’ lawlap jang’an jali’ni’na worap almadi’. Aydos wo’zinin’ qi’lg’an isine wo’zide tu’sinbeydi. Xiywani’n a’skerlerin basqari’p kelgen Muxxamedjanbek Xiywag’a qaytadi’. Yendi awi’l g’arri’lari’ Mi’rji’qti’n’ hayali’ Qumardi’ Aydosqa ali’p bermekshi boladi’. Biraq wog’an Qumar ko’nbeydi. Wol Yernazardi’ saqlawdi’n’ joli’na tu’sedi. Soni’n’ arasi’nda Xiywa xani’na atli’ kelip, qol asti’ndag’i’ biylerinin’ adamlari’ bag’i’nsa bag’i’ng’ani’, bag’i’nbasa ku’shli qollari’ menen bag’i’ndi’ratug’i’nli’g’i’ haqqi’nda xabar jiberedi. Mine usi’nday yetip ali’p bari’lg’an siyyasat tozi’wi’ jetken qaraqalpaq xalqi’ni’n’ sho’l ta’n’risi qan’baqtay jumalatadi’. Barli’q ku’shti ja’mlep Muxxamed Raximxan Aydos biydin’ yel qi’laman, birlestiremen degen jerine wo’zi keledi, qarsi’ kelgenin wo’ltiredi. Wol qol qawsi’rg’ani’n Aydos qaladan Xiywa ta’repke wo’tkerin’kirep qon’si’landi’radi’. Qaytarsi’n Qon’i’rat ha’qim sorap turg’an jerinin’ toz-ti’zi’n shi’g’ari’p woni’ wo’ltiredi, so’ytip yeline qaytadi’. «Qaraqalpaqlarg’a wo’z aldi’na xanli’q beremen» degen so’zine Aydos yelege shekem isenedi ha’mmesin ba’rjay yetip bolg’annan’ so’n’ Dospan menen birlikte Xiywa hanli’g’i’na qaray atlanadi’. Xan sarayi’ndag’i’ diologtan keyin bul istin’ wori’nlani’wi’na gu’manlanadi’. Aydosti’n’ bunday ha’diyselerge ushi’rawi’ni’n’ sebebi ash ari’qti’n’ hal jag’dayi’na qaramag’anli’qtan, yel birligide tek qur dalag’a i’lag’i’wdan, yeldin’ ishki ha’m si’rtqi’ turmi’si’ndag’i’ wo’zgesheliklerdi tu’sinbewshilikten. Buri’n sahrada jasawshi’ qaraqalpaqlardi’n’ Xiywa sarayi’n ko’rgennen keyin sonday g’ana yel bolami’z dep, ushqari’ woylawshi’g’i’nan kelip shi’qti’. Soni’n’ ushi’n Aydos «Mine qalay tu’sinsen’izde, nali’si’m joq. Biraq bir gezleri duri’s tu’sinesiz ha’m alg’i’slaysi’z, bug’an imani’m ka’mil! Sog’an shekem nedey istan’ati’n’i’z bolsa tan’aberin’ler, tayi’nman. Lekin, ha’zir a’ndamli’ u’ylerinizge tarqasi’n’lar! Usi’ so’z, so’z yeken, yendi Xiywa

xani’ qaraqalpaqlardi’ wori’slardan buratala u’zdiriw ushi’n barli’q ku’shin ji’ynap wo’zine ko’shkenin ko’shiredi, ko’shpey bag’i’nbay qarsi’li’q yetkenlerin nayzani’n’ ushi’na ildirip zorli’q penen Aydos qaladan beri qaray ko’shiredi. Ko’shken bilingen yeldin’ hesh qanday sexi bolmaydi’. Soni’n’ ushi’n qaraqalpaq xalqi’ni’n’ basi’na ha’r qi’yli’ sawdarlar tu’ssede qudaydan ko’rip woti’ra beredi. Soni’n’ ushi’n wo’zinin’ arasi’nan shi’qqan bati’r, ma’rtlerdi, tez arada jer menen jeksen yetip jiberiwge bel baylaydi’. Soni’n’ ushi’n qaraqalpaq xalqi’ ha’m ja’birkesh. ha’m ma’rt boli’p keledi. Aydosti’n’ yen’ aqi’rg’i’ so’zlerine bayqas yetip qarayi’q: «Ti’n’la, uli’m men tek atalardi’n’ qa’tesin ta’kirarlamaw joli’nda wo’zimshe qa’telestim. Hesh isime at qoyya almadi’m. Adamlardan alg’a ketken aldi’ng’i’ yemes, adamlardi’ izine yeritken aldi’ng’i’ yeken. Usi’ni’ menin’ qos bu’rkitim Irza To’rege jetker, Yernazarda yesitsin!.. Ba’rshege tek sen guwasan’. Wolarg’a yeskert yelge a’sker basli’qti’ wori’sqa tapsi’rdi’m. Wog’an bag’i’ni’p G’arri’biy ko’k jelkesin tuti’p dospanni’n’ a’tirapi’n aylana juwi’radi’. Dospan wo’zin zorli’q islep zog’a degende Aydosti’n’ gellesin jumalati’p tu’siredi. Bul shirik Arbattag’i’ waqi’ya yedi. Dospandi’ qalag’a ali’p keliw ushi’n romanni’n’ wo’zine qoyi’lg’an at toli’g’i’ menen sheshiledi, yeger qamg’a Aydos biydi wo’zinin’ atqosshi’si’ wo’ltirdi dese wonda la’shkerlerdi baslap kelgen Mi’nbasi’ menen Ju’zbasi’larda iynenin’ ushi’nday ku’sh-g’ayrat ko’rinbeydi. Sonli’qtanda Dospandi’ bir woq penen wo’ltiredi. «Da’slep baxi’tsi’zsan’» yeti tu’rshigip tu’n uyqi’si’n to’rt bo’lip ju’rgen Dospan yeki so’zdin’ basi’n qurasti’ri’p zorg’a degende «Mende… baxi’tsi’zban» degen so’zi menen roman tamamlanadi’. Duri’si’nda da baxi’tli’ yemes yedi, bola almaytug’i’nda yedi.

Aydosti’n’ yeki balasi’ Irza menen To’renin’ Qon’i’ratti’n’ arqasi’nda A’miwda’ryani’n’ di’g’i’ri’n’i’nda u’shju’z atli’si’ menen birge Xiywa xanli’g’i’ni’n’ la’shkeri ta’repinen qang’a boyali’p wo’ltiriledi. Sonsha woylardan, tileklerden, maqsetlerden ba’ride wori’nlanbay qaraqalpaq

xalqi'ni'n' woti'rg'an jeri i'ssi'li'q penen shobi'tqa woralg'an qarabaxanag'a aylanadi'. Bul yendi u'lken baxi'tsi'zli'q yedi. Mine usi' baxi'tsi'zli'qqa griptar yetken Xiywa xanli'g'i'ni'n' jawi'zli'q siyyasati' yedi. Ja'lla'tlerge shennen ti'sqari' yerk berilgen da'wiri yedi. Qaraqalpaq xalqi'ni'n' arasi'nda bolg'a ja'llatlardi'n' woyi'ni' yedi. Sol woyi'ng'a to'tepki bergen tek qaraqalpaq xalqi' boli'p tabi'ladi'.

Q.Sultanovti'n' bul miynetinin' juwmaqlawshi' bo'limi «Trogediyani'n' baslani'wi'» dep atali'p, bunda jazi'wshi' T.Qayi'pbergenovti'n' qaraqalpaq da'stani' tu'rkimindegi romanlari'ni'n' u'shinshi kitabi' «Tu'siniksizler» romani' tuwrali' so'z yetedi.

Trilogiyani'n' «Tu'siniksizler» bo'liminin' tiykarg'i' maqseti ja'miyetlik turmi'sti'n' rawajlani'w bag'dari'n ani'qlaw, biliw tu'siniw mu'mkinshiligin ha'r qi'yli' qarama-qarsi'li'qlar tiykari'nda rawajlang'ani'n ko'rsetiwden ibarat. Sonli'qtan bul romanni'n' ati' usi'lay atalg'an deydi, ilimpaz. Tu'siniw qi'yi'n bolg'an na'rse ja'miyetlik turmi'sti'n' rawajlani'w bag'darlari', ilimiy duzaqqa megzez boli'p quri'lg'an Xiywa xanli'g'i'ni'n' ishki ha'm si'rtqi' siyasati' boli'p tabi'ladi'. Yeger woni'n' birinshi kitabi'ndag'i' insanni'n' tag'diyri ma'selesi wortag'a qoyi'lg'an bolsa, yekinshi kitabi'nda adam tag'diyrin jer menen jeksen yetiwshi ja'ma'a'ttin' shegi joq woyi'ni' bsalanadi', al u'shinshi kitabi'nda arasi'nan shi'qqan xali'q ushi'n a'hmiyetli bolg'an na'rselerdi wortag'a qoyi'p woti'rg'an adamlar Xiywa xanli'g'i'ni'n' jawai'zli'q duzag'i'na ilinip birinen son' biri u'lken trogediyag'a ali'p bari'p ati'rg'an joldi' ko'rsetip beredi. Maman, Aydos, Yernazar arqali' su'retlengen bul tariyxi'y haqi'yqatli'q xalqi'mi'zdi'n' wo'tkendegi turmi'si'n ju'da' ayqi'nlasti'ri'p, tusiniwi sebepshi boladi'. Solay yetip, bul shi'g'armalar muzeydin' u'sh xanasi' boli'p tabi'ladi'. Usi' si'zi'qlardi'n' ha'mmesi birigip «Turi'mtay tusi'na, palapan basi'na» ketken xali'qti' xalq yetken ha'zirgi turmi'sti'n' qa'dirin biliwge ja'miyetlik turmi'sti'n' si'rlari'n u'yreniwge shaqi'radi'.

Trilogiyani’n’ ja’ne bir wo’zgesheliklerinen biri qaraqalpaq a’debiyati’ndag’i’ J.Aymurzaev, Q.Sultanov, Wo.Xojaniyazovti’n’ shi’g’armalari’nda wo’tkendegi turmi’s tek traparet tusine kirip qalg’an bay, jarli’, azatli’q ushi’n, gu’res ali’p bari’w ushi’n ha’diyseler ali’nar yedi. An’sat qana waqi’yalar izbe-iz sheshiler yedi. Yeger shi’g’armani’n’ da’slepki waqi’yalari’nda qaharman unamsi’z belgiler menen ko’rinse barli’q unamsi’z waqi’yalar sog’an birlestiriler yedi. Al, T.Qayi’pbergenovti’n’ romanlari’nada bulardi’n’ ha’mmesi jan’a formada azatli’q ushi’n ali’p bari’li’p ati’rg’an gu’reske baylar da, biyler de, yel basqari’wshi’lari’da qatnasadi’. Wolardi’n’ arasi’ndag’i’ wo’zgeshelikler ashi’ladi’. Xali’q ushi’n a’hmiyetli bolg’an qaraqalpaq xalqi’ni’n’ wo’z yerkinligi, g’a’rezsiz basqari’w apparati’na iye boli’wi’ ruwli’q jikleniwshilik ha’m pi’ti’ran’qi’li’qti’n’ insan ta’g’diyrin ali’p kiyati’rg’an ku’lpetleri ha’r bir qaxarmanni’n’ wo’zine ta’n bolg’an belgileri, maqseti menen tilekleri, wolardi’n’ ha’mmesinen kelip shi’g’atug’i’n qaraqalpaqlar arasi’ndag’i’ xali’q azatli’q ha’reketinin’ payda bolg’anli’g’i’, rawajlani’wi’, usi’ rawajlani’w ishinde payda bolg’an qa’telikler. Wolardi’n’ ta’g’diyrinen ali’p kelgen zi’yani’, «Sorli’ xali’qti’n’» basi’na tu’sken jawi’zli’qti’n’ ne tu’rleri ha’mmesi yesapqa ali’ng’an. Usi’ trilogiyani’n’ birinshi kitabi’ jo’ninde obraz xarakterindegi maqalalar ja’riyalap ju’rgen S.Bahadi’rova: «Wo’z aldi’na millet boli’p jasawg’a umti’li’wi’n so’z yetedi» dep bahalaydi’[1].

«Tu’siniksizler romani’ Yernazar Alako’zdin’ ku’shi g’ayrati’na toli’sqan, yel arasi’nda tani’lg’an Go’ne-U’rgenishtegi «Pil palwandi’» ji’g’i’wi’nan baslanadi’. Usi’dan keyin «Qumar jesirdin’ shan’arag’i’» degen ga’p ku’sh quwati’na toli’si’p, «Yernazar palwanni’n’ shan’arag’i’» degen so’z benen almasadi’. Sonday-aq wol yelindegi i’lg’i’y jas-jigitlerdi ji’ynap ali’p, birlestirip «Ag’a biy» sho’lkemlestiredi. Ag’a biydin’

---

[1] Баҳадырова С. «Маман бий әпсанасы» ҳәм «Бахытсызлар» романлары ҳаққында. «Совет Қарақалпақстаны» газетасы. 9-январь, 1976-ж.

melislerinin’ ha’r birine Qumar ana ko’rsetpe berip turadi’. Uli’wma Yernazar alaqo’z qaraqalpaq xalqi’ni’n’ ari’n arlag’an, ji’ri’n ji’rlag’an ma’rt bati’r adamlardi’n’ biri boladi’. Qaraqalpaq xalqi’n xali’q yetiwde wolardi’ ha’r qi’yli’ sali’qlardan qutqari’wda Xiywa xanli’g’i’na bas ko’terip shi’g’a alatug’i’n bati’rlardan yesaplanadi’.

«Kindik qan tamg’an topraqti’ jaw basi’qlamasi’n» Xiywa xanli’g’i’na qarsi’ qarati’lg’an bul uri’sta qaraqalpaq xalqi’ni’n’ u’lkeninen kishisine shekem barli’g’i’ atalanadi’. Biraq qaraqalpaq qi’ranlari’ ha’m yel basqari’wshi’lari’ arasi’nda awi’zbirshilik qashadi’. Woni’n’ u’stine jawdi’n’ ku’shi anag’urli’m da’rejede arti’qmashi’li’qqa iye. Mine, usi’nday shayqasta Yernazar alako’zdi Shon’qi’ pilteli qara mi’lti’g’i’ menen ati’p tu’siredi. Yernazar alako’z wo’ltirilgennen keyin woni’n’ gellesin Qumar ana ali’p, tazalap juwi’p murtlari’n qa’dimgidey shi’yrati’p, wo’zinin’ aq jawli’g’i’na worap a’sker basi’na beredi. Romanda Qumar aqi’lli’li’g’i’ menen yerkinin’ bekkeligi arqali’ ko’zge ayqi’n ko’rinip turadi’. Mi’sali’, wo’zinin’ yeri Mi’rji’qti’n’ Aydos ta’repinen wo’ltirilgenligi, sonday-aq balasi’ Yernazar alako’zdin’ trogediyasi’na baylani’sli’ bolg’an jag’daylardi’ ali’p qarayeq. Wol wo’zinin’ uli’ Yernazar alako’zdin’ aqli’g’i’ Hojanazardi’n’ wo’liminde de ko’zine jas ali’p ji’lamag’an qayta Yernazar alako’zdin’ gellesin qoli’na uslap, juwi’p tazalap, Xiywa ja’lladlari’ni’n’ qorji’ni’na sali’p jiberedi. Yeger az bolsa, romandag’i’ mi’na waqi’yani’ ali’p qarayeq: «Semiz bir aspaz u’sti aq jawli’k penen basti’ri’wli’ alti’n tabaqti’ qos qollap kelip, xang’a u’sh ma’rte iyiledi de woni’n’ ko’z qi’si’wi’nan keyin, tabaqti’ Qumar anali’qqa tuti’, yerinleri menen u’stindegi aqjawli’qti’ tartti’. Alti’n tabaqtan tag’am yemes, murtlari’ shi’yrati’lg’an Yernazar alako’zdin’ gellesi shi’qti’. Qumar anali’qti’n’ ko’zleri xanasi’nan ati’li’p ketejazi’lap, huwshi’nan ayri’li’p bari’p, zorg’a qa’ddin tikledide asi’qpay jeliligine shati’rash ko’yleginin’ wo’n’irine tag’i’lg’an gu’mis ten’gelerin juli’p-juli’p aldi’ da, si’n’g’i’rlati’p tabaqqa tasladi’ ha’m belindegi ma’deli belbewin sheship, gelleni japti’. Perzentim,

sag’an bunnan arti’q sawg’a ali’p kele almadi’m. Mi’naw belbewdi belin’e buw, xan ten’gelerin qalta pul qi’l» Qabag’i’n kir juqti’rmaytug’i’n perzent ushi’n ana jeti i’qli’mdi’ gezip shi’g’atug’i’n ana ushi’n bul ha’diysenin’ qansha da’rejede awi’r yekenligine bir bayqas yetip qaran’!...

Yer anadan tuwi’ladi’. Qumar qaraqalpaq a’debiyati’ tariyxi’yndag’i’ jan’a tiptegi anna boli’p tabi’ladi’. Mine bul obrazdi’ ha’r ta’repleme usi’nday bag’darlarda ilimpaz ken’nen da’lillep bergenin ko’remiz.

## 2.2.İlimpazdi’n’ T.Qayi’pbergenov povestleri ha’m «Qaraqalpaq qi’zi’» romani’na si’n ko’zqaraslari’.

Q.Sultanov qaraqalpaq a’debiyattani’w iliminde wo’zinin’ ko’lemli proza boyi’nsha miynetlerinin’ birin jazi’wshi’ T.Qayi’pbergenovti’n’ povestleri ha’m romanlari’n tallawg’a arnadi’. Mine bul miynet «T.Qayi’pbergenov prozasi’» dep ataladi’. Bunday tiykari’nan «Qaraqalpaq qi’zi’ romani’ ha’m «Suwi’q tamshi’», «Uyqi’si’z tu’nler» povestlerin ken’nen so’z yetedi. Miynet tiykari’nan to’rt bo’limnen ibarat. Shi’ni’nda da qarap woti’rsaq ilimpaz wo’zinin’ ha’r bir miynetinde belgili bir juwmaqlar tiykari’nda atlar qoyi’p bo’limlerge bo’ledi. Bul bo’limler sol kitaplardi’n’ toli’q mazmuni’n qamti’wi’ menen bahali’ yekenligin ko’riwimizge boladi’. Miynettin’ birinshi bo’limi «Tal wo’sse tami’ri’ menen» dep atali’p belgili jazi’wshi’ T.Qayi’pbergenovti’n’ wo’mir joli’ tuwrali’ toqtaladi’, u’lken ko’lemdegi romanlari’, soni’n’ menen povest gu’rrin’leri xaqqi’nda so’z yetiledi. Uli’wma, T.Qayi’pbergenovti’n’ proazsi’ ha’zirgi a’debiyati’mi’zdi’n’ tabi’si’ boli’p tabi’ladi’, deydi. Woni’n’ «Suwi’q tamshi’» povestindegi Kamal obrazi’n do’retiwdegi lirizmdi, «Uyqi’si’z tu’nler»degi atasi’n izlegen Gu’lzardi’, turmi’sti’n’ ju’da’ ashshi’ za’ha’rin ko’rgen Jumagu’ldi, Jiemuratti’, qaraqalpaq tariyxi’ni’n’ a’debiy obrazi’ bolg’an Maman, Aydos, Yernazarlardi’

wo'zinin' qatari'na qosi'wdan tek janni'n' ra'ha'tin go'zlewshi Svetani'n' obrazlari'n da toli'g'i' menen lirikali'q ku'shli, deydi. T.Qayi'pbergenovta jazi'wshi' si'pati'nda ali'p shi'qqan negizler, tiykarlar, qaynar bulaqlar turmi'sti'n' wo'zi. Sonli'qtan, «Ha'r kim wo'zinin' shi'qqan woshag'i'na ha'm bulag'i'na iye boli'w kerek. Qaysi' jerde bulaq bolsa, sol jerde soqpaq boladi'. Qaysi' jerde soqpaq bolsa, sol jerde jol boladi'. Jol ha'mmege kerek, ha'r birimizge kerek. Jollar bir u'lken du'nyag'a ali'p keledi. Adamlardi' jaqi'nlasti'radi', wolardi'n' bir birine ja'rdem berip birlesiwine ha'm dos boli'wi'na ali'p keledi dep juwmaqlanadi'. Ko'rip turg'ani'mi'zday ilimpaz shi'g'armani' tallawdan aldi'n uli'wma tu'sinikler, filosofiyali'q ko'z qaraslari'n teren'nen bildirgeni bayqaladi'. Bul jag'day ko'pshilik izertlewshi ilimpazlarda bunday yemes.

Q.Sultanov S.Jumag'ulovti'n' «Tuflidin' na'li» (1990-j.) degen toplami'na arnalg'an «U'mitsizlik a'lama'jwani'n' baslani'wi'» maqalasi'n jazadi'. Bunda jazi'wshi' gu'rrin'indegi jen'il-jelpi syujetler menen u'stirtinlikke ko'plegen isenimsiz waqi'yalardi'n' ali'ni'wi'na qarsi' qarati'lg'an bati'r pikirlerin bildirgenin de ayti'wi'mi'zg'a boladi'. Ja'ne de bul yumorli'q povesttin' laqqi'shi'li'qqa woyi' sayi'z ha'm isenimsiz waqi'yalarg'a quri'lg'ani'n ayta kelip bul toplamni'n' da'wir talabi'nan to'men da'rejedegi shi'g'armalar yekenin a'dil aytqani'n ko'remiz. Soni'n' menen ilimpaz İ.Qurbanbaevti'n' «İsenim», K.Allambergenovti'n «Wo'mir ma'writleri», G'.Seytnazarovti'n' «Ma'wsimler muqami'» romanlari'na da wo'z waqti'nda a'dil pikirler bildirgen yedi. «İsenim» tuwrali' «Ha'mmesin yesapqa alg'anda buni' ko'rkem shi'g'arma dep atawg'a bolmaydi', waqi'yalar baylani'spaydi'» dep u'zil kesil juwmaq shi'g'ari'wi' ilimpazdi'n' haqi'yqi'y bahasi' yedi. Yendi miynettin' kelesi bo'limlerine toqtaymi'z.

Miynettin' yekinshi bo'limi «XX a'sirdin' dilbari'» dep atali'p, wonda ha'mmege belgili «Qaraqalpaq qi'zi'» romani'ndag'i' Jumagu'l obrazi'na toqtaydi'. Wol ko'zin ashqannan baslap, ju'da' a'piwayi' xali'qti'n'

turmi’si’na jaqi’n boldi’. Wo’mir boyi’ bir wo’zinin’ ta’g’diyri yemes, woti’rg’an awi’li’, bir yel, bir xali’qti’n’ turmi’si’n qorg’awg’a shekem bari’p jetken insan boli’p yesaplanadi’. Wol baydi’ qi’zi’ uqsap, at ko’tere almaytug’i’n nazg’a iye bola almadi’. Qaysi’ jerge barsada diywanashi’li’q wo’mir, mal bag’i’w, wo’lmes awqat, tamaq tabi’wdi’n’ gu’marashi’li’g’i’nda ju’rdi. «Qi’z taqyasi’na qaramastan basi’ esikbetke qaray sulap, awzi’ murni’nan zirek-zirek qan josi’p woti’rg’an anasi’n ko’rip, za’rresi ushi’wi’ menen bari’p qushaqladi’. Da’rriw u’stindegi qi’zi’l alashatrash ko’ylegin’ yetegin ayi’ri’p jiberip, anasi’ni’n’ yeki yeziwinen sorg’alap ati’rg’an qandi’ si’yi’ri’p basi’n tan’di’. So’yttide, wo’z alatug’i’n adamlarday u’lken wotawg’a kirdi. a’kesi ju’da’ inabatli’ is pitirgendey mardi’yi’p, biraq betinen qani’ qashi’p, hapli’qqan tu’rde wotawg’a kelip jambaslap jati’rg’an yedi.

-Apamdi’ wo’ltireseng’oy ag’a? –dep, u’stine su’rine ji’g’i’lg’an qi’zi’n iri qollari’ menen iyterip, yesik betke tewip jiberdi.

-Qaran’di’ bati’rsan’ a! Ko’rdin’ be mushtay boli’p mi’nawsi’ni’n’ biyhayasi’n. Wol ti’msi’raywi’ menen gu’birlenip tikeydi.

-Atani’ si’ylaymay jalan’bas ju’riwin’e qara yeshkimardi’n’. Za’ripbay so’ylenip-so’ylenip shi’g’i’p ketkennen son’, Jumagu’l qaytadan turi’p anasi’ jati’rg’an as u’yge juwi’rdi’. Sa’nem kimnin’ kelip, kimnin’ ketkenin biliw tu’we ayaq-qoli’n’ ji’ynawg’ada ha’lsiz. Wo’li shi’ray yenip shalqasi’na jati’r. Jumagu’l woni’ to’rge jatqi’zbaqshi’ boli’p ko’rgeni menen jansi’z dene jas qi’zg’a awi’rli’q yetti.

-Apam wo’ldi!!! Shi’n’g’i’rg’an ashshi’ dawi’sqa qonsi’-qobalar ha’ deymey-aq ji’ynaldi’».[1] Jumaguldin’ ko’zin ashi’p ko’rgen, sezgen wo’zine basi’nan keshirgen aqi’ri’na shekem bilgen birinshi waqi’yasi’ yedi. Jumagu’ldin’ balali’q sezimlerinin’ jo’n ali’si’ yen’ aldi’ buri’n anasi’ Sa’nemdi qorg’awdan baslanadi’. Su’tin yemip kamalg’a kelgen anasi’na kir

---

[1] Қайыпбергенов Т. «Қарақалпақ қызы» Нөкис, 1975-ж. 5-бет.

ju’qti’rmawg’a, woni’n’ awi’r islerin jen’illestiriwge, kewlin ali’wg’a, jaqsi’ tilekler bildiriwge umti’ladi’. Wo’zi qa’lep, Turi’mbetke qosi’lg’an. Woni’ wo’zindey jarli’ dep bilgen, ha’r bir adi’mi’n jeti ma’rtebe woylani’p, bir ma’rtebe basqan Jumagu’ldin’ keleshegi nelerdi ku’tip turg’ani’n kim bilsin!...

Turi’mbettin’ u’yine kelgennen keyingi woni’n’ har ku’ngi wo’mirindegi waqi’yalardi’ ko’z aldi’mi’zg’a keltirip ko’reyik.

«Turi’mbettin’ qoli’ndag’i’ tartqi’sh worni’na qoyi’lmay woni’n’ jawi’ri’na da, qabi’rg’asi’na da u’sti-u’stine do’niwde. Jumagu’l ba’rine shi’dap i’n’i’ri’si’p jati’r. Biraq tayaq zarpi’ woni’n’ dawsi’n shi’g’ari’p, yerine qarsi’li’q bildiriwge ma’jbu’rlemey qoymadi’. Jumagu’l keregege asi’li’p worni’nan turi’p:

-Tart qoli’n’di’ dedi za’ha’rli Jumagu’l, bu’ytip so’yleydi degen pikir woyi’na kelmese kerek. Turi’mbet selk yetip qoli’ndag’i’ tartqi’shi’n tu’sirip aldi’. Woti’rari’n qayti’p tartqi’shti’ alari’nda bilmey, ayaq asti’ndag’i’ burati’li’p jati’rg’an Jumagu’lge ko’z tigiw menen sa’riydi»[1]. Jumagu’l sonsha ha’diyselerdi basi’nan wo’tkeredi, ko’redi, guwasi’ boladi’. Biraq Za’ripbay menen wo’zinin’ a’kesi menen ushi’rasi’wi’n Zergendin’ qi’zi’n alatug’i’n ku’yewdi tutqi’ng’a ali’wdi’ bulardi’n barli’g’i’ rawajlang’an waqi’yalardi’ sheshiwdin’ jollari’ yedi.

-Jan sawg’a, Za’ripbay! dedi Jumagu’l qa’ha’rli.

-Mi’lti’g’i’n’i’zdi’ mag’an tasla bolmasa imani’n’di’ da ayti’p u’lgermeymsen’.

-A’y wo’zin’ biyra’xim boli’p ketkenbisen’? Jumagu’l yendi buri’ng’i’si’nanda beterrek aashi’wg’a mindi.

-Perzent atasi’nan batpan arti’q tuwmasa nege kerek deytug’i’nba yedin’iz? Ko’z jumi’p woylani’p ko’rin’. Sonnan’son’ reximsizlik kimnen juqqani’n bilesiz! A’y bos ju’rek a’ke bolar yendi, qa’ne mi’lti’qti’ taslan’,

[1] Қайыпбергенов Т. «Қарақалпақ кызы» Нөкис, 1975-ж. 6-бет.

mag'an tez-tez! Za'ripbay mi'lti'qti' bermey ati'n buri'p yedi, Jumagu'l naganni'n' ketigin basi'p qaldi'. U'stinen gu'rp yetkennen woqqa ati'ni'n' quyri'g'i'n birew tarti'p qalg'anday qazi'q boli'p qaqaydi'.

-Qa'ne tasla beri! Za'ripbaydi'n' sho'girmesi bir shetine awi'p jasawrag'an irin'li ko'zleri ati'ni'n' aldi'ng'i' ayaqlari'na tigilip turi'pti'.

-Beresiz be? Joq pa?! -Jumagu'l nagani'ni'n' awzi'n yendi woni'n' wo'kpe tusi'na qaratti'. Woni'n' raslag'ani'n bilip Za'ripbay mi'lti'g'i'n sart yetkizip jerge tasladi'.

-Bilip qoy Za'ripbay. Won yeki ji'l ta'rbiyalag'ani'n' ushi'n, woni'n' u'stine atamni'n' ju'regi bolg'ani' ushi'n aman ketesiz. Yekinshi ret joli'qsan'i'z izi ne bolatug'i'ni'n tu'sinin'!» A'ne, qi'z, a'ne gozzal! a'ne dilbar! –dep ilimpaz Jumagu'l obrazi'na ha'r ta'repleme si'patlama beredi. Woni'n' roman bari'si'nda xarakterinin' barli'q ta'replerin tallaydi'. Bul a'lbette Q.Sultanovti'n' wo'z da'wirinde «Qaraqalpaq qi'zi'» romani'na bergen a'dil si'n ko'zqaraslari' yedi.

Q.Sultanovti'n' bul miynetinin' kelesi bo'lim «Tariyxi'y da'wirdin' ji'lnamasi'» dep ataladi'. Bul bo'limde T.Qayi'pbergenovti'n' tariyxi'y da'stanlari' bolg'an «Maman biy a'psanasi'», «Tu'siniksizler» si'yaqli' shi'g'armalari' so'z yetiledi. Bul romanlar boyi'nsha ilimpazdi'n' pikirlerin biz aldi'ng'a bapta kenen so'z yetken yedik. Sonli'qtan, bul bo'lim boyi'nsha azi'-kem to'qtap wo'temiz. T.Qayi'pbergenovti'n' do'retiwshilik joli'n ju'da' ani'qlap beriwge sebepshi bolg'an «Maman biy», «Baxi'tsi'zlar» romani'ni'n' su'wretleniwin tapqan. Jazi'wshi' bul romanlari'nda Qumar anali'qtay adamlardi' ta'rbiyalap jetilistirgen. Wo'mirin' qi'ya ha'm tuwri' jollari' menen trilogiyani'n' aji'ralmas qaharmani'na aylang'an Yesengeldi jo'ninde pikir ju'ritiledi. Yesengeldinin' qi'zi' Mi'rji'qti'n' hayali' –Qumar. Yeger Qumar anali'qti'n' «Baxi'tsi'zlar» ha'm «Tu'siniksizler» romani'ndag'i' isin ko'rsen'iz aql woyi' menen tani'ssan'i'z adam balasi'ni'n' qansha da'rejede wo'zgergenine sharayattan bolg'an jag'day tayarlang'ani'n ko'riw qi'yi'n yemes. Soni'n ushi'nda bul

ma'seleler jazi'wshi' ta'repinen ha'r ta'repleme sheber berilgenligi so'z yetiledi.

Bul Q.Sultanovti'n' tallap woti'rg'an miynetinin' juwmaqlawshi' bo'limi «Son'g'i' so'zdin' worni'na» dep atali'p bul tariyxi'y romanlardan keyin shi'qqan «Ta'nha' wo'zine ma'lim si'r» povesti menen juwmaqlanadi'. Bunda jazi'wshi' Q.Sultanov T.Qayi'pbergenovti'n' usi' povesti haqqi'ndaa bir studenttin' bergen sorawi'na juwabi'n ha'm usi' shi'g'armasi' tuwrali' wo'zinin pikirlerin keltirip wo'tedi. «Jasi' jan'a won jetige qarap qi'z benen tillesken Palwan sol ushi'rasi'wdan a'lle qanday baxi't tabatug'i'n sekilli. Ushi' qi'yi'rsi'z a'rmanlar menen u'yine qaytsa da, wol da tu'nde uyi'qlay almay yertelep kelgen yedi. At woynati'p kiyati'rg'an Perdexandi' ko'rip aldi'na qaray juwi'rdi'. Qi'z bu'gin woni' kelmegen shi'g'ar degen woyg'a biyletip ju'risin biraz bosanlatsa da, woni' ko'riwden g'arg'i'p ati'nan tu'sti. Ja'nede «Qol wol bala a'wele murni'n tazalasi'n, ko'z jasi'n'di' zayalama qi'zi'm! Wo'mirdin' ha'r qi'yli' kesapatlari' bar! Bunnan beterinen saqlag'ay. Awi'lg'a jetken son' balali'q yetip birew menen qashi'p ketkenin' jo'ninde hesh kimge tis jaymay-aq qoy, qi'zi'm. «Woqi'y jaq boli'p qalag'a ketip yedim de» Qi'zi'm bul du'nyada wo'zine jarasa bir si'r menen jasaydi'. Sende bul isin'di si'r tut. Balali'k kewline yele kir tu'spegen qi'z a'kesinin' na'siyati'na qulak sali'p biraq yeki ko'zi arti'na qi'yali'nda Palwan juwi'ri'p kiyati'rg'anday boli'p wonnan ayi'ri'ladi'. Wolar usi'lay ayi'ri'li'si'p awi'li'ndag'i' Jumabayg'a turmi'sqa shi'g'adi'. Svetlana degen qi'zi' boladi'. Wol kamalg'a kelip worta mektepti pitkerin instituttqa woqi'wg'a kiredi. Bir mug'allim menen tani'sadi'. Wol Palwan. Wolar qosi'lg'annan keyin su'wretke tu'sedi. Toydi'n' a'njami'na kirisedi. Jumabay menen Perdexang'a xabar jiberedi. Perdexan keledi. Wol ki'zi'ni'n' u'yine kelse: «Qi'zi' Svetlanag'a u'ylenip birge su'wretke tu'sken ana jumalaq ju'zli murtli' jigit sol Palwan. Woni' birinshi muxabbati' birinshi yeri. Perdexanni'n' quri'p qalg'an jeri usi'… Adamg'a

ko'z bergen jaqti' ja'ha'ndi ko'rsin dep, adamg'a ayaq bergen ju'rer joli'n bilsin dep, u'sh adamni'n' tag'diyri'ndegi ha'diyseler povestti woqi'g'an adamdi' ha'siretke saladi'. Povesttin' mazmuni'n jazi'wshi' usi'lay qi'sqasha bayanlaydi'. Al, T.Qayi'pberenovti'n' bul povestine ilimpaz qaraqalpak a'debiyati'ndag'i' belgili shi'g'armalar si'pati'nda bahalaydi'. Demek ko'rip wo'tkenizdey ilimpaz Q.Sultanov jazi'wshi' T.Qayi'pbergenov tvorchestvosi'na ken'nen toqtag'an. Yag'ni'y woni'n' gu'rrin' povestlerinen baslap roman trilogiyasi'na shekem analizge tarti'p, ha'r birinin' wo'zgesheligine qaraqalpaq prozasi'na tutqan worni'na itibar qaratqan. Natiyjede jazi'wshi' «Ay dese awzi' bar, ku'n dese ko'zi bar» degen ma'nidegi qatarlardan T.Qayi'pbergenov a'lle qashan bas tartti', deydi. Biografiyali'q su'wretlewge quri'lg'an ko'pshilik shi'g'armalari'nda jazi'wshi' «Suwi'q tamshi'», «Uyqi'si'z tu'nler», «Ta'nha' wo'zine ma'lim si'r» povestlerinde da'rhal ja'miyetlik turmi's penen individual xarakter arasi'ndag'i' qatnaslardi' su'wretlewge wo'tedi. Adamni'n' adam si'pati'nda xarakterinin' ashi'li'wi'ndag'i' bag'darlar duri's ko'rsetiletug'i'ni'n belgileydi. Bul qaraqalpaq prozasi'ndag'i' jan'a ha'diyselerden boli'p tabi'ladi', dep si'patlasa, ja'ne de jazi'wshi' waqi'yalardi'n ag'i'mi'na baylani'sli' psixologiyali'q keshirmelerdi ju'da' ayqi'nlasti'ri'p beriwge sheber yerisedi. Jazi'wshi' prozasi'nda uli'wma psixologiyali'q keshirmelerdin' biri beriliwi tiykarg'i' si'patli' belgisine aylani'p barati'r, degen juwmaqqa keledi.

Demek usi' bag'darda ilimpaz Q.Sultanov jazi'wshi' T.Qayi'pbergenovti'n' prozasi'n ken' bag'darda so'z yetip wolardi'n' belgili da'rejede qaraqalpaq prozasi'n rawajlandi'ri'wdag'i' wo'zgesheliklerin wo'z waqti'nda ani'q belgilegenin ko'remiz.

# J U W M A Q .

Bizin’ bul pitkeriw qa’niygelik jumi’si’mi’zda so’z yetilip woti’rg’an «Q.Sultanov qaraqalpaq prozasi’n izertlewshi» degen tema yag’ni’y, ilimpaz Q.Sultanovti’n’ ilimiy miynetleri qaraqalpaq a’debiyattani’w iliminde usi’ ku’nge shekem arnawli’ so’z yetilmegen.

Sonli’qtan, jumi’sti’ jazarda biraz qi’yi’nshi’li’qlarg’a qaramastan, ilimpazdi’n barli’q miynetleri menen tani’si’p, wolarg’a wo’zimizshe qatnas jasawg’a ha’reket yettik. İlimpazdi’n’ qaraqalpaq prozasi’nan ti’sqari’ miynetlerinen basqa «Zamanlas jani’m menen» (N.1972j.) «Jazi’wshi’ dramaturg» (N.1974j.), «Folklorshi’ Qalli’ Ayi’mbetov» (N.1979j.), «İnsan qudireti» (N.1992j.) kitaplari’ jari’qqa shi’qqan. Bulardi’n ha’r birinin’ qaraqalpaq a’debiyattani’w iliminin’ a’xmiyetli ma’seleleri haqqi’nda so’z yetiledi. Ma’selen, «Zamanlas jani’m menen» miynetinde tutasi’ menen qaraqalpaq poemasi’n izertlese, al «Folklorshi’ Q.Ayi’mbetov» kitapshasi’nda Qalli’ Ayi’mbetovti’n’ wo’miri, do’retiwshilik xi’zmetleri ustazli’q isleri ji’ynaqli’ yetip beriledi. «Jazi’wshi’-dramaturg» miynetinde bolsa talantli’ dramaturg S.Xojaniyazovti’n’ dramalari’, prozasi’ haqqi’nda ilimiy pikirler bildiredi. Degen menen biz bulardi’n’ ha’r birine arnawli’ toqtamadi’q. Sebebi jumi’sti’n’ ko’lemi kobeyip ketedi, sonli’qtan wolardi’n’ ha’r bir qaysi’si’ keleshekte izertlewlerdi talap yetedi. Na’tiyjede, biz temami’zg’a baylani’sli’ Q.Sultanovti’n’ tek qaraqalpaq prozasi’n izertlewge qarati’lg’an miynetlerine izertlewler ju’rgize woti’ri’p to’mendegishe juwmaqqa keldik.

Q.Sultanovti’n’ ilimiy izertlew ji’mi’slari’ni’n’ bir qatari’ shi’ni’nda da qaraqalpaq prozasi’ni’n’ ma’selelerine arnalg’ani’n ko’rip wo’ttik. Woni’n’ bul tarawda «Prozani’n rawajlani’w jollari’» (N.1977j.) «T.Qayi’pbergenovti’n’ prozasi’» (N.1979j.) «İnsan qu’dreti» (N.1992j.) miynetlerine toqtadi’q. Ko’pshilik proza izertlewshiler si’yaqli’ Q.Sultanovta qaraqalpaq prozasi’ni’n’ rawajlani’w bag’darlari’ haqqi’nda

so’z yete woti’ri’p, woni’n’ u’lken buwi’nlari’ A.Begimov, J.Aymurzaev, M.Da’ribaev penen A’.Shamuratov, Wo’.Ayjanov penen Q.Sultanovlarda ayi’ri’qsha belgileydi. Usi’lar menen bir qatarda qaraqalpaq prozasi’ni’n’ rawajlani’wi’nda belgili worni’ bar ko’p g’ana do’retiwshi talantlardi’ jetistirip shi’g’ari’wda u’les qosqan T.Na’jiymov, K,Seyitov, A.Aliev, A’.Ta’jimuratov, Wo’.Xojaniyazov, Wo.Bekbawliev, Q.Jumaniyazov, Sh.Seyitov, S.Salievlar islep ati’r. «Wolar wo’zlerinin’ romanlari’, povestleri, gu’rrin’leri menen qaraqalpaq prozasi’ni’n’ rawajlandi’ri’wg’a u’lken ku’sh jigerin miynetin sarp yetip ati’r, dep ayi’ri’qsha di’qqat awdaradi’. Soni’n’ menen birlikte Q.Sultanov sol jetpisinshi ji’llardi’n’ wo’zinde-aq a’debiy processtin’ rawajlani’w bag’darlari’na baha bere woti’ri’p U.Pirjanov, A’.Atajanov, S.Baxadi’rova h.t.b. bir qatar jazi’wshi’lardi’n’ do’retpelerine unamli’ si’n ko’z benen qaraydi’. Ma’selen, wolar ja’miyetlik turmi’sti’ ha’r ta’repleme u’yrenip woti’rg’an jaslar, ga’ wondag’i’ keleptin’ ushi’n tabi’wi’da mu’mkin, ga’ tappay qali’wi’ da mu’mkin. Yeger so izleniwshilikti a’debiy processtin’ rawajlani’wi’ menen birge qosi’p ali’p barsa, diydilegen tvorchestvoli’q ko’terinkilikke ha’r bir adam yerisiwi mu’mkin» dep wolar keleshegine u’mit penen qaraydi’[1]. Na’tiyjede ilimpaz u’miti aqlandi’ sebebi, 80-ji’llardag’i’ qaraqalpaq prozasi’nda U.Pirjanov, A’.Atajanov, S.Bahadi’rovalar wo’zlerinin’ ko’lemli prozali’q shi’g’armalari’n do’retiwge yeristi. Yag’ni’y, ilimpazdi’n’ qaraqalpaq prozasi’ni’n’ rawajlani’w bag’darlari’na wo’zinin’ tuwri’ ko’zqaras bildirgenin seziw ta’jip yemes.

Q.Sultanov qaraqalpaq prozasi’nda qaharman obrazi’ni’n’ jasali’w wo’zgesheligi ma’selesine ayi’ri’qsha itibar qaratqani’n miynetinde ha’r ta’repleme ko’rip wo’ttik. Soni’n’ menen birlikte Q.Sultanovti’n’ ilimiy miynetleri tuwrali’ ilimpaz f.i.k. P.Nurjanovti’n’ «Q.Sultanov qaraqalpaq prozasi’ni’n’ 70-ji’llari’nan son’g’i’ yen’ belsendi ha’m janashi’r si’nshi’larni’n’ biri yesaplani’p, wol wo’zinin’ bul bag’dardag’i’ miynetlerinin’ ko’pshiligine ilimiy teoriyali’q si’patlar yengiziwge

umi'ti'latug'i'n, wolardag'i' pikirlerdin' zamangoyligine ti'ri'satug'i'n, ko'rkem shi'g'armalardi' bug'ingi turmi's penen ti'g'i'z baylani'sli' tu'rde sali'sti'ri'p qaraw arqali' baha beretug'i'n a'debiyatshi' si'nshi' ilimpazlardan yedi»[1] dep duri's bahalag'ani'nday Q.Sultanovti'n' qaraqalpaq prozasi' boyi'nsha woni'n' rawajlani'w bag'darlari' tuwrali' mi'naday juwmaqlarg'a kelgenin ko'remiz.

Birinshiden, prozani'n' g'awlap wo'siwinin' da'slepki ji'llari'nda turmi's haqi'yqatli'g'i'n tiplestiriw, poetikali'q mazmuni'ni'n' jarli'li'g'i' ko'zge tu'sip turadi'. Qaharmanlar arasi'ndag'i' keskin tarti'slardi'n' worni'na wolardi'n' ta'rtiplesiwi beriledi. Yekinshiden son'g'i' ji'llardag'i' prozada qaharmanni'n' xarakteri ashi'li'wi'nan ko're, xali'qti'n' etnografiyasi'na tiyisli bolg'an materiallar beriledi. Wolar ruw atlari', salt da'stu'rler, jerdin' atlari' h.t.b.

Mine, bular bizin' 60-70-ji'llardag'i' prozali'q shi'g'armalar boyi'nsha ilimpazdi'n' pikirleri yedi. Al, ilimpaz son'g'i' da'wirdegi proza boyi'nshada wo'zinin' ba'zi bir pikirlerin bildire woti'ri'p, wonda tiykari'nan turmi's haqi'yqatli'li'g'i'n suwretlewdin' psixologiyali'q, lirikali'q h.t.b. ta'replerinin' ku'sheygenligin T.Qayi'pbergenov, Sh.Seyitov romanlari', U.Pirjanov povestleri mi'sali'nda ayqi'n ko'rsetiledi. Solay yetip Qa'limbet Sultanov qaraqalpaq a'debiyattani'w iliminde ayi'ri'qsha proza tarawi'nda jemisli miynet yetti. Woni'n' bul izertlewleri basqa izertlewshilerden wo'zinin' bag'darlari' menen joqari'dag'i'day tallawlari' menen aji'rali'p turatug'i'ni'n ko'rip wo'ttik. Na'tiyjede ilimpazdi'n' qaraqalpaq prozasi' boyi'nsha ilimiy-izertlew jumi'slari' bu'gingi ku'n ushi'n a'hmiyetli boli'p, keleshekte ha'r ta'repleme izertlewlerdi talap yetetug'i'ni' so'zsiz.

[1] Нуржанов П. Миллий прозамыз изертлеўшиси ҳәм сыншысы, Илим ҳәм әдебияттың машақатлы жолларында. Нөкис, 2012-ж. 37-бет.

# PAYDALANILG’AN A’DEBİYaTLAR.


1. Каримов И.А. Баркамол авлод арзуси. Тошкент, Шарқ, 1999.

2. Каримов И.А. Жоқары мәнаўият жеңилмес күш. Тошкент, 2008.

3. Абрамович Г.Л. Введение в литературоведение, Москва, Просвещение, 1979.

4. Ахметов С. Әдебияттаныў терминлериниң қысқаша сөзлиги. Нөкис, Қарақалпақстан, 1972.

5. Ахметов С., Султанов Қ. Әдебияттаныў, Нөкис, Қарақалпақстан, 1987.

6. Ахметов С. Қаракалпақстан Республикасының әдебиятшы-алым ҳәм сыншылары. Нөкис, Билим, 1983-ж.

7. Бахадырова С. Фольклор и каракалпакская советская проза, Нукус, 1984.

8. Бобоев Т. Адабиётшунослик асослари. Тошкент, Ўқитувчи, 2000 й.

9. Зийниддинова А. Тарийхий ва бадий хақыйқат. Тощкент, Ғафур Ғулом номидаги нашриети матбаа ижодий уйи. 1992. 149-150.

10. Камалов Қ. Қарақалпақ әдебиятында көркем методтың эволюциясы. Нөкис, Қарақалпақстан, 1994-ж.

11. Қурбанбаева Т. Сюжет и композиция в в современной каракалпакской прозе. Ташкент, ФАН, 1991 г.

12. Қожықбаев Ә. Қарақалпақ романы, Нөкис, 1977-ж.

13. Нарымбетов Ж. Каракалпакский роман. Ташкент, 1974 г.

14. Нурмуҳаммедов М. Қарақалпақ прозасы, Нөкис, 1968-ж.

15. Насруллаева З. Проблема типа и характера в современной каракалпакской прозе. Нукус, 1982 г.

16. Насруллаева З. Герой каракалпакской советской прозы. Нукус, 1976 г.

17. Нуржанов П. Дәўир талабы ҳәм көркем әдебият. Нөкис, 1993-ж.

18. Нуржанов П. Сверяя с народной памятью. Нукус, Билим, 1994 г.

19. ˙Сағыйтов И. Қарақалпақ әдебиятының ўөсиў жоллары, Нөкис. 1979.

20. Султанов Қ. Заманлас жаным менен. Нөкис, 1972-ж.

21. Султанов Қ. Прозаның раўажланыў жоллары. Нөкис, 1977-ж.

22. Султанов Қ. Жазыўшы драматург. Нөкис, 1979-ж,

23. Султанов Қ. Т.Қайыпбергеновтың прозасы. Нокис, 1979-ж.

24. Султанов Қ. Фольклоршы Қаллы Айымбетов. Нөкис, 1979-ж.

25. Султанов Қ. Инсан қүдрети. Нөкис, 1992-ж.

26. Илим ҳәм әдебияттың машақатлы жолларында.(Қ.Султановтың 80 жыллық юбилейине арналған илимий-әдебий очерк ҳәм еске түсириўлер) Нөкис, 2012-ж.

27. Султанов Қ. Оппонентке жуўап. Әмиўдарья, 1988-ж. №9.

28. Султанов Қ. Турмыс ҳақыйқатлылығы ҳәм оны сүўретлеўдеги ебетейсизликлер. Әмиўдарья, 1987-ж. №1.

29. Султанов Қ. Үмитсизлик-әламажўаның басланыўы. Әмиўдарья, 1991-ж. №4.

30. Өтемуратова Ҳ. Қарақалпақ тарийхый романларының поэтикасы. Қарақалпақстан баспасы, 1997-ж.